


# MBEU YENYOKA

 Mwari anokosha, Mwari mukuru ane masimba, Akasika zvinhu zvese nesimba reMweya wake; uye akaunza Jesu Kristu, Mwanakomana waKe mumwe chete, Akatifira pasina mubhadharo isu vatadzi, Wakarurama kuitira vasina kururama, kutidzosa mukuyanana kwakanaka kwatinako zvakare naMwari. Sekudzidziswa kwatinoitwa muShoko rakaropafadzwa, kuti taiva nekuyanana naYe nyika isati yavambwa. “Apo nyeredzi dzamangwanani dzaiimba pamwe chete, uye vanakomana vaMwari vakadanidzira nemufaro, kare nyika isati yavambwa.” Tinoziva sei kuti yakanga isiri nguva imwe chete yakauraiwa Gwayana; kuti Mwari, mukufunga kwaKe kukuru, akationa tichidanidzira nekufara mukuponeswa kwedu kubudikidza nemuna Jesu!

<sup>2</sup> Uye, manheru ano, tinongori nekufanoravira kubwinya kwehuMwari kukuru kuchaiswa pachena paKuuya kwaKe kwechipiri. Kurwara kwese nekusuwa kwese zvinenge zvapera. Uye tozova nemutumbi unobwinya sewaKe Chaiwo, nokuti tichazoMuona sezvaAri. Pano tiri kutarisa mawoko edu achiperezeka, vhudzi redu richichena imvi, nemapendekete achikotama, tinoziva kuti tiri vafi uye takananga kuvhu kwatakakotamisa misoro yedu zvino, uye ndiko kwatinobva. Asi, Ishe Mwari, sekuva Mwari kwaMuri, Makaita vimbiso yekuti tichamutswa zvakare mumazuva ekupedzisira, uye tinozvitenda.

<sup>3</sup> Zvino tinomira tichirevesa nekutenda kwedu manheru ano muHupo hweNyu, tichiuya nekushinga nekuti Jesu akati tidaro. Kwete nekuti pane chinhu chakanaka chatakaita, nokuti hapana chakanaka chatakaita; asi tinouya nekuzvininipisa, tichipupura kuti tine chinhu chakakosha ichi nekuda kwenyasha dzaKe dzatakapiwa. Nokudaro, tinouya tichikumbira kuti Mutiropafadze manheru ano mukuuya kweShoko. Nokuti zvakanyorwa, kuti, “Munhu haangararami nechingwa bedzi, asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo maMwari.” Uye dai muromo waMwari wataurwa manheru ano. Mashoko ngaauye, uye Ngazviende pakadzika pemwoyo yedu, vatereri, tizadzwe neMweya weNyu neHupo hweNyu. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

<sup>4</sup> Nha—nhasi nanezuro, husiku hwapfuura, waro, nanhasi, tanga tichitaura pamusoro penyaya, kutanga, kuzviisa pamusoro, *Sei Tisiri Sangano*. Uyezve tazvisimbisa, kuti sei tisiri sangano, uye kuti sei tisingatendi mumasangano. Nekuti, tinozviwana muBhaibheri, kuti masangano haana kumbogadzwa naMwari; akagadzwa nadhiyabhorosi; uye tikatozviratida neBhaibheri. Uye nekuti sei, kubudikidza

nemumasangano, zvinounza kukanganisa. Zvino tiri kutaura izvi kugadzirisira uye kuunza tabhenakeri ino mukuyanana paShoko rakaropafadzwa raMwari. Kuti, tariro yedu haina kuvakwa mune zvinotaurwa nesangano, kana zvingataurwa naani zvake; yakavakirwa pane zvakataurwa naIshe Mwari. Ndiyo nzira bedzi yatinogona kugadziriswa zvakana.

<sup>5</sup> Uye mangwanani ano, ndinotenda, ndanga ndine zvinyorwa zvishanu zvakasiyana-siyana zvakauya nemumasangano, zvisina kutombobvira zvataurwa nezvazvo muBhaibheri, izvo machechi echiProtestant ari kukotamira kwazviri, achidzidzisa sedzidziso; dzimwechetedzo dzakadzidziswa naamai vakare chipfeve, chechi yeKatorike zvainoparidza, uye ndokupinda muchechi yechiProtestant. Uye toramba tichikotamira kuchinhu chimwe chete chinopikisana nezvese zviri muShoko raMwari.

<sup>6</sup> Sangano rechechi rekutanga, tazvitarisa masikati ano munhorooondo yemadzibaba emuNicene, yechechi yeNicene. Mushure merufu rwavaapostora, ndipo panouya madzibaba eNicene, uye vakaenderera mberi kwemakore akati kuti. Makore mazana matatu namakumi maviri namashanu, akazosvika ku—kuNicea, France, kwavakava ne—nekanzuru huru yeNicene. Imomo vakaumba zvitevedzwa zvekunamata zvava nechechi yeKatorike iye zvino, uyezve zvakazogamuchidzwa kumaProtestant.

<sup>7</sup> Uye sekutaura kwandaita muku—mukudzidzisa mangwanani ano, “Rimwe nerimwe remazera ekereke aya, kusvika—kusvika pazera rekereke reTesaronika, makore churu nemazana mashanu emazera erima, hapana kana imwe nguva kunze kwezvaAkataura, ‘Muchine Zita raNgu.’”

<sup>8</sup> Uye kune rimwe divi iri, vakanga vasisiri muna Kristu zvachose, vakabva mumazita emasangano, “Katorike, Luther, Wesley, Baptisti, Presibhatariani, maPentekosta,” zvichingodzika zvakadaro.

<sup>9</sup> Asi zera rava kuda kupera, Akati, “Ndaisa pamberi penyu suo rakazaruka.” Maona? Uye ndicho chizvarwa chatinotenda kuti tiri machiri iko zvino, zera resuo rakazaruka, pakati pekubuda kwekupedzisira kwekereke yeRaodhikia.

<sup>10</sup> Uye zvanyatsoti gedye makore mazana matatu nemakumi maviri namashanu kusvika pakanzuru yeRaodhikia. Uye imomo vakatora maitiro ayo akaita sekusasa, kudira, nerubhabhatidzo rwenhema, mweya mutsvene wenhema, zvimwe zvose izvi. Vakazvitora.

<sup>11</sup> Uye Luther, ari muprisita, uye abuda muchechi yechiKatorike, akauya nazvo. Uye imomo makabuda Zwingli, kubva muna Zwingli kukauya Calvin, kubva muna Calvin kwakauya Wesley, o, zvichidzika zvakadaro. Uye vakaramba vachingounza izvi zvitevedzwa zvekunamata. Uye Mwari

angatungamirira Kereke yaKe sei, kana vachitevedza nzira dzaAsina kumbounza kuti vatungamirwe padziri?

<sup>12</sup> Uye rangarirai, muna Zvakazarurwa 17, takaona “mukadzi.” Zvino mashoko aya ari pachena. Akanyorwa muBhaibheri, saka ndinofunga kuti ndingaataura. Rakati mukadzi uyu akanga ari “mhombwe.” Zvichireva kuti waiva mukadzi ane mukurumbira wetsika dzakaipa; uye akanga ari mukadzi aifanira kunge akaroorwa nemurume, ndokubva aita hupombwe nenyika. Uye akanga ane. . . Akanga ari “AMAI VEZVIPFEVE,” nokudaro akazvara vanasikana. Uye takazvidhirowa tichiratidza zvazviri, ndirimo. . . Uye ipapo, pachangu, ndichizviona muGwaro, ndichiona dzidziso dzake nezvose, ndinotenda kuti Ishe vazviisa chaipo pamutsara, kuti hachingava chimwe chinhu kunze kwechечи yechiKatorike. Ndiyo nzira bedzi yazvinogona kuva. Uye akazvara chii? Machechi echiProtestant. Ndizvo chaizvo, zvaakaita.

<sup>13</sup> Uye akanga ane kapu yewaini yehupombwe hwake muruvoko rwake, uye aizvipa kumadzimambo enyika. Uye akanga achitonga nyika yose, pakutaura zvepamweya. Ndizvozvo chaizvo. Hapana mumwe. . .

<sup>14</sup> Tarisai, ngatidai, tinogona kudzokera kunaDhanieri totora mufananidzo. Tarisai pamufananidzo: musoro wegoridhe, humambo hwechiBhabhironi; ndarira. . . kana sirivheri, vaMedhiya-ne-Pezhiya; ndarira, Alexander Mukuru, nezvakadaro, humambo hwechiGrecia; nekutonga kwechiRoma, chiRoma chekuMabvazuva nekuMadokero, tsoka mbiri.

<sup>15</sup> Uye cherechedzai muhumambo gumi uhwu, ndimo munosimuka nyanga gumi idzo dzatanga tichitaura mangwanani ano, mune humwe nehumwe hwehumambo gumi uhwu hwaifanira kusimuka, makanga muine simbi yedare nevhu rokuumbisa zvakasanganiswa zvese. Uye simbi iyi yaibva kumakumbo, yakanga iri Roma. Uye pane kuvhenganiswa kweChiroma chakasanganiswa mundudzi dzose dziri pasi peDenga, kubudikidza nechechi yechiKatorike. Ndizvozvo chaizvo. Uye havasangani, kupi zvako.

<sup>16</sup> Uye vanoroorana, pakati pavo. Bhaibheri rinoti vaizodaro. Uye vatarisei nhasi. Mwanakomana wako anofambidzana nemusikana wechiKatorike; uye pavanozoroorana, vanovimbisa kurera vana vavo nechiKatorike; munoona, kana kuzvipesanisa. Maona, kutyora simba roumwe.

<sup>17</sup> Asi chii? Bhaibheri rinoti zvese izvi hupfeve. Zvino muchaita sei? ndizvozvo chaizvo. Uye zvivi zvevanhu zvichashanyirwa. . . Takadzokera kuna Dheuteronomio, ndokuratidza kuti mwana wehupombwe, mwana akazvarwa kunze komuchato, haaigona kutombopinda muungano yaShe kwezvizvarwa gumi nezvina. Izvi zvaiva pasi pomurairo. Uye Kristu wakauya kuzokudza murairo. Zvatonyanya zvakadini iko zvino?

<sup>18</sup> Uye chii chiri kuitika pane zvizvi, dambudziko nderei pazvipfeve izvi zviri mumugwagwa nhasi, madzimai ari kukwekweta midzanga aya, nokupfeka zvikabudura, zvipfeve zvinogera vhudzi, nezvakadaro? Dambudziko ravo nderei? Nokuti amai vavo vaiita saizvozvo. Zvinoshanya, kusarurama, kunobva mune chimwe chizvarwa kuchienda mune chimwe. Ndizvo zvazviri. Zvino chii chatava nacho? Tasvika panzvimbo, yokuti angova masanganiswa echivi chakasviba.

<sup>19</sup> Ndicho chikonzero Mwari wakasimudza Russia, uko nebhomba reatomiki kuti iitsvaire ibve, sezvazvakaita panguva yemafashamo, paAkasimudza makore. Zvirokwazvo, Akadaro. Uye Bhaibheri rinodaro. Russia, nyika isingatendi kuti kuna Mwari sezvavari, vasingatendi kuti kuna Mwari, vari mumavoko chaiwo aMwari Samasimba. Sezvakangoita Mambo Nebhukadhinezari waifanira kuparadza Israeri nokuti vakatadza kufamba naMwari, Russia iri kusimuka yakananga “kutsivira vatsvene,” kucheche yeKatorike, paropa ravatsvene rayakadeura. Bhaibheri rinodaro. Ichaiparadza yose.

<sup>20</sup> Saka tarisai pano, kana amai vake vaiva musikana wemakwaya, uye mbuya vake, uye kana amai vake vaipfeka zvisina kudzikama, ko iye angazovei nhasi? Nzenza inoshanyarika ichtamba madhindindi ichibvisa nhumbi. Ko vana vake vachazovei?

Iwe woti, “Mwari unoita izvozvo here?” Hongu, changamire.

<sup>21</sup> Mwari unoshanyira kusarurama kwevana, chizvarwa, kutosvika pachizvarwa chegumi neina. Uye kana Kristu akauya kuzozvikudza, tingangoti, “Zvava zvizvarwa zana, kana kuti zvizvarwa mazana mashanu.” Nemhaka yei, Iye akati, “Avo vekare, makavanzwa vachiti, ivo vekare, ‘Usauraya.’ Ini ndinoti, ‘Wose, anotsamwira hama yake, pasina chikonzero, watouraya kare.’ Makavanzwa, venguva yekare vachiti, ‘Usaita hupombwe.’ Asi ini ndinoti ani zvake anotarisa mudzimai kuti amuchive, watoita upombwe naye kare.” Wakazviita. . . Chii chinonzi kukudza? Kuita kuti zvikure kakawanda. Uye kana pasi pomurairo zvaitora zvizvarwa gumi nezvina, chinhu chimwe chete ichocho iko zvino chingatora nguva refu zvakadini?

<sup>22</sup> Varume vechidiki, nevari muzera repakati nepakati, uye varume vakarooro havacharemekedzi mhiko dzavo dzomuchato. Sei, vanongotora madzimai vachigara navo kose kose, vachingoita sembwa. Imbwa ine ruremekedzo ruri nani nemazvibatiro ari nani kupfuura zvinoita vamwe vanhu. Ndinoziva kuti zvakasimba izvi, asi ndizvozvo chaizvo.

<sup>23</sup> Nemhaka yei? Asi macheche anongoenderera mberi zvakadaro vasina zvavanotaura pamusoro pazvo. Nemhaka yei? Vari kungoita sezvinoitwa namai vavo. Chechi yazvigamuchira senhaka. Nokuti, chechi uye chechi yeProtestant iyi yakabuda muchechi yechiKatorike, zvivi zvechechi yeKatorike zvava

pamusoro pemaProtestant. Zvirokwazvo, ndizvo zvazviri, saka poto haingati kuketero “iwe wakasviba.” Ndicho chokwadi chaicho.

<sup>24</sup> Zvino tinoona, kuti muMagwaro, takaona kuti... Uye handina kuona kapepa kakanyorwa patafura pano manheru ano. Ndakati, “Ndiratidzei nzvimbo imwe chete apo Mwari akazodza sangano. Ndiratidzei nzvimbo imwe chete Mwari paakambozodza muparidzi wechidzimai. Ndiratidzei nzvimbo imwe chete apo Mwari akazodza kusasa mvura. Ndiratidzei nzvimbo imwe chete apo Mwari akambozodza kudira mvura. Ndiratidzei nzvimbo imwe chete apo Mwari akamboita kuti munhu abhabhatidzwe muzita ra ‘Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.’ Ndiratidzei zvinhu izvozvo. Asi tinogara tichingovyiita. Zvinongovamo muchechi.

<sup>25</sup> Zvino, ndakati, “Kwamuri chikonzero tisina kuva maBaptisti, ndechokuti tinotenda mukubhabhatidzwa muZita raIshe Jesu Kristu. Hapana munhu kana mumwe chete, muBhaibheri, wakambobhabhatidzwa neimwe nzira. Ndiratidzei nzvimbo imwe chete apo munhu mumwe chete akabhabhatidzwa muzita ra ‘Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,’ ipapo ndinobva ndasimudza mavoko angu ndoti ndiri muporofita wenhema.”

<sup>26</sup> “Uye kana Bhaibheri rakati unofanira ‘kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu,’ zvinoreva kuti unofanira kuzviita nenzira iyoyo. Pauro wakavaraira kuti vabhabhatidzweve. Hazvina basa kuti vakanga vambobhabhatidzwa sei, vaifanira kuuya, vobhabhatidzwezve. Vakanga vabhabhatidzwa nomurume mumwe chete wakabhabhatidza Jesu Kristu; Johane Mubhabhatidzi. Akati, ‘Izvozvo hazvichashandi iko zvino. Munotofanira kuuya, mubhabhatidzweve.’ Uye vaifanira kuzviita vasati vagamuchira Mweya Mutsvene. Ndiho hwanga huri hurongwa hwaMwari.”

<sup>27</sup> Ndingangoti wedzerei kudzika kupfuura izvi, manheru ano. Nemhaka yei? Jesu anochengeta Shoko raKe. Munozvitenda here izvozvo? Zvino, potse potse mose manga muri pano mangwanani ano, asi ndinoda kuwedzera zvimwe pana izvozvo kwekanguva.

<sup>28</sup> Sei Pauro akatuma-... akaraira izvozvo mushure mokunge vazviita? Pauro wakati, “Kunyange Ngirozi inobva Kudenga ikauya ikaparidza zvimwe zvakasiyana, ngaive yakatukwa.”

<sup>29</sup> Zvino iwe unoti, “Tava neChiedza chitsva pazviri.” Kwete, hauna. Ndizvo zvakauiwa nazvo nadhiyabhorosi kuna Evha, Chiedza chitsva. Haudi Chiedza chitsva. Unofanira kufamba muChiedza icho Mwari akatoisapo kare, zvapera.

<sup>30</sup> Zvino cherechedzai izvi, zvinongova nyore. Pavakaburuka kubva muGomo roKushandurwa, Jesu akati, kuvadzidzi vaKe, “Ko vanhu vanoti Ini Mwanakomana womunhu ndini Ani?”

“Mumwe akati Ndimi ‘Mosesi, kana kuti Eriya, mumwe wevaporofita.”

Iye ndokuti, “Imi munoti chii?”

<sup>31</sup> Iye ndokuti, Petro ndokuti, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.”

<sup>32</sup> Iye ndokuti, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJonasi; nokuti nyama neropa hazvina kukuzarurira izvi.” Maona, hazvibvi nokumaseminari. Hazviuyi nokumasangano. “Nyama neropa hazvina kukuzarurira izvi. Hauna kuzvidzidza kubva kuchikoro chezvekunamata. Asi Baba vaNgu, vari Kudenga, vazvizarurira kwauri. Uye pamusoro pedombo iri ndichavaka Chechi yaNgu; uye masuwo egehena haagoni kuikurira,” chizaruro chepamweya chokuti Iye Ndiye ani.

<sup>33</sup> Cherechedzai, “Zvino ndinoti kwauri ndiwe Petro. Uye ndichakupa kiyi dzoHumambo. Uye chose chauchasunga panyika, ndichachisunga Kudenga; chose chauchasunungura panyika, ndichachisunungura Kudenga.” Zvino, Aitofanira kuchengeta Shoko raKe kana kuti Anenge asisiri Mwari. Zvino, paAkaita izvozvo, mazuva mashoma akatevera; Akaroverwa pamuchinjikwa, ndokumuka, ndokukwira Kudenga, uye Petro akazarura Evhangeri paZuva rePentekosta. Akazviita here? Zvirokwazvo, iye, akazviita. Zvino cherechedzai, apo paaka . . .

<sup>34</sup> Vose vakanga vachivanyomba, nokuti vakanga vakazadzwa noMweya. Vakanzi “mipengo, vatsvene vanoumburuka,” kana rimwe zita rakaita sairoro. Uye vakatoseka, vakati, “Ava vaguta newaini itsva.”

<sup>35</sup> Uye Petro akasimuka pakati pavo, akasimudza inzwi rake, ndokuti, “Varume nehama, inzwai inzwi rangu. Inzwai mashoko angu uye munditeerere. Ava havana kudhakwa sezvamunofungira; ino yava awa yechitatu yezuva. Asi izvi ndizvo zviya zvinotaurwa nomuporofita Joere, ‘Zvichaitika nemazuva okupedzisira, kuti ndichadurura zvoMweya waNgu,’ uye nezvaAchazoita pamusoro pevanakomana vaKe, nevanasikana vaKe, nevarandakadzi vaKe, nezvakadaro, muzuva iri.”

<sup>36</sup> Uye pavakatanga kunzwa izvi, vakabaiwa pamwoyo yavo. Nokuti, vakanzwa munhu wakanga asingazivi maABC ake, asi vaifanira kuterera zvaaireva, vakaziva kuti waiva nechimwe Chinhu mukati make, chaimupisa, Mweya Mutsvene. Ungaumisa? Sei, zvinenge zvakafanana nokuedza kudzima moto, uri kupisa imba yakaoma, mhapo ichivhuvhuta musi iwoyo. Haungagoni kuzviita. Wakanga akazara noMweya Mutsvene. Uye chii chaakaita zvino?

<sup>37</sup> Vakati, “Saka, varume nehama, toita sei kuti tiponeswe?”

<sup>38</sup> Zvino cherechedza, Petro, ndiwe une kiyi dzeHumambo. Maona?

39 Zvino, Jesu paakamuka pazuva retatu, Wakanga asina makiyi eHumambo hweKudenga. Manga muchizviziva here izvozvo? Akati, “Ndine kiyi dzerufu negehena,” asi kwete dzoHumambo, nokuti dzakanga dzapiwa kuna Petro.

40 Zvino Akati, “Petro, chose chaunenge wasunungura pano panyika, ndichachisunungura Kudenga. Chauchasunga panyika, ndichachisunga Kudenga.”

41 Zvino hounoi akamira nemakiyi, kuti azarurire nyika chinhu chakaropafadzwa ichi. Zvino heunoi ane makiyi muruvoko rwake. Ivo vachibvunza, “Toita sei kuti tiponeswe?” Zvino, hazvinei kuti chii chaizonzi chitwe nomuapostora, Mwari waifanira kuchigamuchira saizvozvo Kudenga, kana ari Iye akamupa simba iroro.

42 Zvino Petro akati, “Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti zvivi zvenyu zviregererwe, uye muchagamuchira chipo choMweya Mutsvene.” Ndizvozvo here? Uye ndicho chikonzero makiyi akakiyinura Kudenga kune rimwe zita zvaro, kune imwe nzira zvayo, nechimwe—nechimwe chimiro. Yakakiyinura panyika, ndokukiyinura Kudenga, kana kuti Jesu haana kuchengeta Shoko raKe kuna Petro. Uye nzvimbo yose muBhaibheri pavakabhabhatidzwa, mushure maizvozvo, vakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Uye vose vakabhabhatidzwa nguva iyi isati yasvika, vaitofanira kuuya vobhabhatidzwazve, muZita raJesu Kristu, kuti vawane Mweya Mutsvene. Ndizvozvo. Zvichiri kungoenda zvakadaro saizvozvo.

43 Saka, kana tichidzidzisa rubhabhatidzo muzita ra “Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene,” chiporofita chenhema. Zvino handidi kukurwadzisai, asi ndinofanira kusimbisisa izvi kuitira kuti chechi ino izive izvi. Hatina kuungana pano seboka revanhu vasingazivi zvavanoita vasingabatsiri; tinoziva patakamira muShoko raMwari. Maona, tinoziva. Ndinodenza munhu wose kuti andiratidze nzvimbo imwe chete pakambobhabhatidzwa munhu muzita ra “Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene.” Zvino muchaterera chiporofita chenhema here kana kuti zvokwadi? Nzverai Magwaro. Zviri kwamuri.

44 Ndiratidzei muBhaibheri apo munhu mumwe chete, apo chechi yakazodzwa kuti ive sangano mu—muBhaibheri. Ndiratidzei muBhaibheri pakambozodzwa muparidzi wechidzimai. Ndiratidzei muBhaibheri zvinhu zvose izvi, zvatangana tichitaura pamusoro pazvo, pazvakagadzwa muBhaibheri. Hazvimo. Ndiudzei nzvimbo imwe chete. Munoenda kusangano . . .

45 Zvakanaka, maMethodisti paakasimuka, akaparidza kucheneswa. Zvakanaka izvo. Asi, pavakaita izvozvo, vakaumba

sangano, ndokumira zvakadaro. Ndicho chikonzero Bhaibheri rakati, “Mune zita.”

Unoti, “Ndiri Mukristu.”

“Zvakanaka, uri wesangano ripi?”

<sup>46</sup> Iwe woti, “MuMethodisti,” Nemhaka yei, saka uri chipfevezve. “Ndiri muBaptisti,” chipfeve. “MuPentekosta,” Uri chipfeve. Uri wechechi iyoyo.

<sup>47</sup> Unofanira kuva waKristu. Hauna chokuita nokuzviti, “MuMethodisti,” “MuBaptisti.” Kana uri Mukristu, uri Mukristu pamwoyo.

<sup>48</sup> Rimwe nerimwe remasangano aya rinogona kubereka vana, vana vaMwari, ndizvozvo. Asi kana ukafunga kuti unoenda Kudenga nokuda kokuti uri muMethodisti kana muBaptisti, uri kukanganisa. Uye ndicho chikonzero tichigara tiri kunze kwechinhu ichocho.

Seiko maBaptisti asingakwanisi kuzviona?

<sup>49</sup> Ndakabvunza mumwe murume wechiMethodisti pano, wakanga achinyora gwaro guru kwazvo, akarinyora kwava kare. Akati, “Chinhu chimwe chete chatinopesana isu nemi, ndechokuti munoyanana namaPentekosta.”

Ini ndikati, “Anonzi ‘isu’ ndiani?”

“Isu, maMethodisti.”

<sup>50</sup> Ini ndikati, “Zvakanaka, rega ndikuudze zvandichaita. Ndichauya kuguta renyu ndigoita kuti maMethodisti anditsigire.”

“O,” iye ndokuti, “asika, pakadaro hatingazombodaro.”

<sup>51</sup> Ini ndikati, “Zvino ndizvo zvandakafunga. Ndinodyidzana nemaPentekosta nokuti maPentekosta vanozvitenda. Ndizvozvo. Vanogara pazviri. Ndivo vari kubatsirwa nazvo.”

<sup>52</sup> Vangani vakaverenga chinyorwa chiya mumagazini re*Life*, nguva shoma yapfuura, pamusoro pechechi yePentekosta? Ndicho chimwe chezvinhu zvikurusa zvinoshamisa muzera rino. Vakatendeutsa vanhu vakawanda mugore rimwe kupfuura mamwe machechi ose akabatanidzwa. Sei? Kuyange mukukanganisa kwavo, Mwari ari kuramba achivafambisa, nokuti vanotenda Chokwadi uye vari kufamba naCho. Ndicho Chokwadi.

<sup>53</sup> Asi chii chatiri kuita zvino? Munoono? Ndicho chikonzero tisiri sangano. Uye sezvinongoita maPentekosta kuita sangano. . .

<sup>54</sup> Uye kumashure uko, pakaburuka Mweya Mutsvene pachechi yePentekosta, makore makumi mana apfuura, ndokubva vatanga kutaura nendimi, chimwe chezvipo. Ndicho chipo chidukusa pazvipo. Ndicho chidukusa pazvipo, tichitevera zvinorehwa naMutsvene Pauro, kutaura nendimi.



Pawakangoburuka, “O,” vakabva vati, “taUwana zvino,” uye vakabva vaita sangano, General Council, iyo zvino yava Assemblies of God. “O, hapana angati wava naWo kusiya kokunge ataura nendimi,” Mwari ndokuramba zvake achifamba achivasiya, ndokuvasiya vakagara ipapo. Zvirokwazvo. Hongu, changamire.

<sup>55</sup> Ndokubva kwauya veOneness, vachibva vawana rubhabhatidzo muZita raJesu. Vakati, “O, taUwana,” vakaita sangano. Chii chavakaita? Mwari wakaramba achifamba ndokvuasiya vakagara ipapo.

Ndezve, “Wose anoda, ngaauye.”

<sup>56</sup> Maona, veOneness havagoni kuenda kune veAssemblies. Uye veAssemblies havagoni kuenda kune veOneness. Ndakataura nevamwe vevarume vokwavo vavanavo vepamusoro-soro, VaGoss, naChiremba Pope, nevakawanda. Varume avo vari varume vakuru mune zve...Ndakagara pasi navo. Ndikati, “Munodzidzisa izvozvo sei kuti ndicho chiratidzo chokutanga, imi somudzidzi?”

<sup>57</sup> “Zvakanaka,” akati, “Hama Branham,” mumwe, vaviri kana kuti vatatu vavo, vakanga vakanyatsotendeka, vakati, “tinovzivisa kuti hazvizivo, asi tingagoita seiko? Tikangwana chatinotaura pamusoro pazvo iko zvino, sei, zvinobva zvavhiringidza hurongwa hwose.” Zvirokwazvo, uye huzombovi mubhishopi zvakare, kana mutariri mukuru. Ndiyo pfungwa yacho.

<sup>58</sup> Hama, zviru nane ndive nechechi duku pakona, kana kuparidza pasi pomuti womupaini, asi ndiine Chokwadi, zvirokwazvo, uye uchiziva kuti zvauri kutaura iChokwadi. Vanhu vanoda Chokwadi. Uye wakasungirwa, soMukristu, kubereka chapupu cheChokwadi. Mwari uchada kuti uzozvipindurira.

<sup>59</sup> Zvino, pazvinhu izvi, kana usati wabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, uye usati waita zvinhu izvi, uye usati wagamuchira Mweya Mutsvene. . .

<sup>60</sup> Iwe woti, “O, ndakataura nendimi.” Izvozvo hazvirevi kuti wakagamuchira Mweya Mutsvene.

<sup>61</sup> Ndakaona varoyi, varoyirume, madhimoni, nevamwe vose, vachitaura nendimi. Zvechokwadi. Havana Mweya Mutsvene, uye imi munozvivisa. Vanonwa ropa kubva mudehenya romunhu, vagotamba, vagodana kuna dhiyabhorosi, nokutaura nendimi. Zvirokwazvo. Havana Mweya Mutsvene.

<sup>62</sup> Saka, nokuda kokuti wakataura nendimi, izvozvo hazvirevi kuti wava naWo. Nzira bedzi yaunoziva nayo kuti wava naWo, ndeapo mweya wako uchipupurirana noMweya waKe, uye zvibereko zvoMweya zvichikutevera: rudo, kutenda, mufaro,

rugare, kutsungirira, kunaka, hunyoro, kupfava. Ipapo ndipo paunoziva kuti une Mweya Mutsvene. UnoZvipupurira woga.

<sup>63</sup> Zvino, kana uchiedza kuzemba pazviri, nokuti uri weAssemblies, kana kuti uri wemaBaptisti, kana kuti uri wemaPresbhatariyani, uri kuona zvauroi kuita here? Uri kutora zita rechipeve. Ndizvo chaizvo. Buda muchinhu ichocho. Buda machiri. Handirevi kubuda muchechi yako kana chimwe chinhu; unoita zvaunoda pamusoro pazvo. Asi ibva pakubatirira, “O, ndiri muPresbatariani. Hatitendi mumazuva ezvishamiso.” Sei musingazvitendi? Bhaibheri rinovidzidzisa. “O, ndiri weChurch of Christ. Vanoti mazuva ezvishamiso akapfuura.” Vaporoita venhema.

<sup>64</sup> Ndinogona kukuratidza apo Jesu Kristu akapa Chechi Simba, rokupodza vanorwara, nokumutsa vakafa, nokudzanga madhimoni. Ndinodenda munhu wose kuti andiratidze Gwaro muBhaibheri apo Akazoribvisa muChechi. Chii chakaribvisa? Zvitevedzwa zvenyu, ndizvozvo, kwete Shoko raMwari. Mweya Mutsvene uchiri kuita basa iroro, uchienderera mberi saizvozvo, uye Ucharamba uchidaro nokusingaperi.

<sup>65</sup> Ndicho chikonzero tisiri sangano, “Vane mufananidzo bedzi wehumwari, asi vachiramba Simba rahwo; ibvai kune vakadaro.” Hatitendi mune zvakadaro.

<sup>66</sup> Zvino, zvakambotanga sei? Tinofanira kukurumidza tisvike pazviri nokukurumidza kwese kunokwanisika zvino, kuti zvakatanga sei. Zvino tine Magwaro mazhinji akanyorwa pano pamusoro poMweya Mutsvene.

<sup>67</sup> Uye chimwe chinhu zvakare, takadenda manheru apfuura, pamusoro po “kutsungirira kwavatsvene,” kwete nenzira yazvinotendwa namaBaptisti. Kwete, changamire. Ndinonyatsopokana nemaBaptisti nepfungwa yavo, yeCalvinism. Zvirokwazvo ndinopokana nemaPresbhatariyani. Ndinopokana nemaMethodisti padzidziso yavo yechiArminian. Hongu, changamire. Asi vane kachokwadi vari vaviri, asi unoda kuchidzosa *Pano* pachiri Chokwadi. Paunomhanya kunze uko, unomhanya uchipenga nacho. Zvirokwazvo.

<sup>68</sup> MaBaptisti anopinda, vobhabhatidza vaviri pano, vachiita zvekuvany’udza mumvura; muparidzi anovabhabhatidza, vapfumbamwe kubva mugumi vanosvuta fodya, voenda kunze kuseri vomira ikoko, vachitamba makasi, vachitamba makasa husiku hwese, vachimhanya-mhanya, vachiita mabhizinesi nemukoto; uye madzimai ose achipfeka zvikabudura kunze uko, vachimhanya-mhanya mumigwagwa, uye vachigera vhudzi ravo, ne—nekuputa nekutaura, nemapati ekusona-sona, nekuita jeye rokusetsa vanhu nenyaya dzakasviba. Izvozvo munozviti Chikristu here? Uye munofunga kuti mune kuchengeteka koKusingaperi? Muri kuenda kuGehena saizvozvo. Hamungafari

muri kuDenga nenzira ipi zvayo. Zvirokwazvo hamungafari. Haisiyo chengetedzo yeKusingaperi.

Asi kana munhu akazvarwa patsva noMweya Mutsvene . . .

<sup>69</sup> Uye imi maPentekosta, nokuda kokuti makasvetuka-svetuka, mukataura nendimi, nokumhanya muchikwidza nokudzika panofambwa napo muchechi, izvozvo hazvirevi kuti mava nechengetedzo yeKusingaperi. Musambofunga izvozvo mumisoro yenyu. Kwete, changamire. Zvamazvirokwazvo hazvidaro. Nokuti, imi munozviziva kuti hupenyu hwenyu—hwenyu hunokupupurirai, humboo, kuti hamuna kururama kunaMwari. Ndizvozvo. Hamuna kururama. Haisati iri iyo chengetedzo yeKusingaperi, nazvino.

<sup>70</sup> Asi ndinoda kukuvhunzai chimwe chinhu. Pane chengetedzo here yeKusingaperi? Bhaibheri rinodaro. Bhaibheri rakati mazita edu akaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa.

<sup>71</sup> Sezvandambotaura mangwanani ano, ndinotaurazve. Murume wakanyora rwiyo, “Pane zita idzva ranyorwa pasi muKubwinya manheru ano, uye nderangu,” pfungwa yake yakanga yakanaka, asi paMagwaro, wakanga akapotsa. Zita rako harina kunyorwa husiku hwawakaponeswa.

<sup>72</sup> Tichitevera Bhaibheri, zita rako, tichitevera Zvakazarurwa 13, 17, neakadaro, “rakanyorwa ipapo nyika isati yambosikwa; uye Jesu Kristu wakauraiwa nheyo yenyika isati yasikwa.”

<sup>73</sup> Ko Mwari, Uyo asina magumo; ko Mwari asina magumo, achiziva magumo kubva pamavambo, Aigotendera sei chivi kuuya panyika, kana akanga asingazviitiri chikonzero?

<sup>74</sup> Zvino kuti tingotsigira zvimwe zvezvinhu zvatataura. Chakatanga chii, Muponesi kana kuti mutadzi? [Mumwe muungano anoti, “Muponesi.”—Mupepeti.] Muponesi, zvirokwazvo. Chine simba kupfuura chimwe ndechipi, Muponesi kana mutadzi? Kana Muponesi achigona kubvisa chivi, Ndiye ane simba rinopfuura.

Zvakanaka, Wakatendererei chivi kuti chiitike pakutanga? Kuti aratidze kuti Iye Muponesi. Chine simba gurusu ndechipi, muporesi kana kuti chirwere? [“Muporesi.”] Muporesi. Saka Wakatendererei kuti zvirwere zviuye? Kuti Aratidze kuti muporesi. Ndiri kunzwa kuti ndava mumweya zvino. Hongu, changamire. O, ini zvangu! Izvo ndizvo zvikamu zvezvaAri.

<sup>75</sup> Ndiko kusaka Achitendera mamwe matambudziko kuti auye. Ndiko kusaka Achitendera kusuwa kuti kuuye, kuita kuti aratidze kuti Iye mufaro. Zvirokwazvo, ndizvozvo. Ndiko kusaka tiine husiku, kuratidza kuti kune masikati. Ndiko kusaka tiine hashu, kuratidza kuti kune rugare. Zvirokwazvo, rutivi rwezvakanaka norutivi rwezvinopesana nazvo. O, Anoshamisa.

<sup>76</sup> Zvino, zvakatanga sei? Tiri kunanga ipapo, nokukurumidza kwese kwatinogona, kuitira kuti ndisakuchengetai muno husiku hwese. Zvino, panofanira kuva nemavambo ezvinhu zvese.

<sup>77</sup> Ndinoda kukuvhunzai chimwe chinhu. Zvino izvi zvinogona. . . Izvi zvivigei muhomwe yevhesti renyu romukati. Izvi hamufaniri kuzvisanganisa nekudya kwenyu kwemazuva ose. Asi teererai izvi.

<sup>78</sup> Kana uri chisikwa cheZienda nakuenda, saka hauna kubvira wakambova namavambo, kana kuzombofa wakava nemagumo. Nokuti *Zienda nakuenda* rinobva pashoko “risina mavambo uye risina magumo.”

<sup>79</sup> Hamurangeriri here? Ndati, mangwanani ano, kuti uyu Merikizedheki, paAkasangana naAbrahama achibva kundouraya madzimambo. Uye Bhaibheri rakati, muna VaHebheru 7, rakati—rakati, “Revhi wakabhadhara chegumi kuna Merikizedheki, paakanga achiri muchivuno chababa vake Abrahama.” Abrahama wakabereka Isaka; Isaka wakabereka Jakobo; Jakobo wakabereka Revhi. Vakanga vari baba, vasekuru, baba vavasekuru vake. Uye Revhi paakanga achiri muchivuno chababa vasekuru vake, Bhaibheri rinomuti wakabhadhara zvegumi kuna Merikizedheki. Unotaura pamusoro peZienda nakuenda! Ini zvangu, ini zvangu! Haana kumboti, “Wakazviita mumumvuri; mumufananidzo tingangoti wakazviita.” Bhaibheri rakati, “Wakabhadhara chegumi.” Amen.

<sup>80</sup> Zvino, kana tikauya negwara rembeu yakanaka, apo Pauro paakaparidza Evhangeri ini ndaivapo uye iwe waivapo. Tichapinda muna izvozvo, muminiti inotevera, kusvika kunzeve dzedu chaiko. Cherechedzai, ndizvo zvinorehwa kwatiri, naMagwaro, zvakatodzokera kumashure chaiko uko.

<sup>81</sup> Imbozvingai! Revhi; mushure Jakobo, baba vake; kouya Isaka, baba vake; kouya Abrahama, baba vake; baba vavasekuru vake. Revhi paaiva muchivuno chababa vasekuru vake, akabhadhara zvegumi kuna Merikizedheki.

<sup>82</sup> Ndinoda kukuvhunzai. Ndianiko uyu, Jobho 27... 38, paAkati, “Waivepi pandakaisa nheyo dzenyika? Apo nyeredzi dzamangwanani dzakaimba pamwe chete, uye vanakomana vaMwari vakadanidzira nomufaro?” Ndivanaani avo vanakomana vaMwari vakanga vachidanidzira nomufaro? Jesu akavaudza, kuti, “Ndaifara nemi nheyo dzenyika dzisati dzavapo.” Hatisi zvisikwa zvenguva. Tiri zvisikwa zveZienda nakuenda.

<sup>83</sup> “Hapana anouya kwaNdiri, kusiya kokunge Baba vaNgu vamudana. Uye vose vanouya kwaNdiri, Ndichavapa Hupenyu Husingaperi, uye ndinozomumutsa pamazuva okupedzisira. Hapana anogona kuvabvisa muruvoko rwaBaba vaNgu, Akavapa kwaNdiri.” Ungarasikirwa sei pakadai?

<sup>84</sup> Munooona, munotyia. Munotyia. Munomhanya muchitenderera pano. Uye ndicho chimwe chiratidzo chakanyanya kunaka, munyika ino, chokuti hauna kwawambosvika. Ndizvozvo. Ko Mwari ungakuponesa sei kana Iye . . .

<sup>85</sup> Vangani muchechi ino mungasimudza mavoko enyu, muchitenda kuti Mwari haagumi? Munoziva kuti shoko rokuti *kusava nemagumo* rinorevei? Zvakanyatsoringana. Kushaya magumo, haukwani—haukwani kutsanangura inzwi rokuti *kusava nemagumo*.

<sup>86</sup> Wakambotora kamera yako here ukaigadza kuti isawana painoguma? Nemhaka yei, zvinongoreva kuti kubva ipapo zvichienda. Zvakanaka. Hapana nzira yekuinangisa muganhu kubva ipapo.

<sup>87</sup> Zvakanaka, ndizvo zvirira Mwari. HaAgumi. Uye kana Asingagumi, hapaigona kuva nechipembenene, kana nhunzi, kana inda, kana tsikidzi, kana nhata, kana chimwe chinhu chakambovapo panyika, kana chingazovapo, asi icho chakazikanwa naMwari nyika isati yatombovapo. Ipapa tinowana kunzwisisa kokuti kusaguma kwakamira sei.

<sup>88</sup> Zvakanaka, zvino, Mwari asingagumi Uyo anokuponesai pano, Achiziva kuti acharasikirwa newe vhiki inouya, kana kuti mwedzi unouya, kana kuti gore rinouya, sei, Ari kuparadza chinangwa chake. Haagoni kurasikirwa newe. “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, akatenda kuna Iye wakaNdituma, ane Hupenyu husingaperi uye haazopindi muKutongwa, asi wabva kurufu wapinda muHupenyu.” Haangaiti izvozvo. Haangadaro . . .

<sup>89</sup> “Uyo wakaberekwa naMwari haaiti chivi; nokuti mbeu yaMwari inogara maari, uye haagoni kuita chivi.” Angagoita chivi sei ipo pakapirwa chipiriso chechivi kuitira iye?

<sup>90</sup> Ndingagorwara sei ini ndiine hutano hwakanyatsokwana? Ndingagova bofu sei ini ndichiona? O, ini zvangu! Ndingagova muimba ino nokuva kunze kweimba ino panguva imwe chete sei? Ndingagova ndakadhakwa uye ndisina kudhakwa panguva imwe chete sei? Haungagoni kudaro.

<sup>91</sup> Uye kana wkaponeswa, uri pasi peYananiso, uye zvivi zvako hazviverengerwi pauri. Dhavhidha haana here kuti, “Wakaropafadzwa uyo munhu Mwari waasingawaniri chivi, uye waasingaoni chivi paari”? Mwari haavoni chivi pachisikwa chaKe. Zvakasimba izvi. Uyu hausi mukaka uyu. Asi iBhaibheri. Mwari haavoni chivi pane vakarurama.

<sup>92</sup> “Mwari,” nenyasha dzaKe, kubudikidza nokutemera, “asingadi kuti pawane anoparara, asi achida kuti vose vatendeuke.” Asi asina magumo, uye achiziva kuti ndiani achauya uye ndiani asiri kuzouya, Aigona kutemera zvinhu zvose kuti zvishande kuda kwaKe. Kana Aisazviita, saka Wakatendererei chivi kubvira pakutanga? PaAkanga ari

Muponesi...Dai pakanga pasina kumbova nomutadzi, haAizombova Muponesi; chikamu ichi, chaiva maAri, hachaigona kuzombobuda chikaonekwa.

<sup>93</sup> Wakava sei muporesi? Wakazombova muporesi sei? Nokuti wakatendera zvirwere kuuya, kuitira kuti Iye aZviratidze kuti mupodzi. Waiva mupodzi. Waizozikanwa sei... Waizombozikanwa sei? Ko zvikamu zvezvaAri zvaizomboshanda sei? Ko Waizombova muporesi sei, dai pakanga pasina kumbova neurwere? Waitofanira kutendera urwere.

<sup>94</sup> Ndosaka, Pauro akati, muna VaRoma 8. “Iwe murume benzi, ndiani ungaudza mu—muumbi zvokuita pamusoro pazvo; ndiani, kana ivhu rikasimuka rikati, ‘Munondiumbirei, ini nenzira iyoyo?’ HaAna kumutsira here Farao chinangwa chimwe chete ichocho, kuitira kuti Aratidze kubwinya kwaKe zasi uko muEgipita? Anoomesa waAnoda kuomesa, uye achiruramisa waAnoda kururamisa. Hazvisi zvouyo anoda, kana zvouyo anomhanya, asi ndezvaMwari unoratidza tsitsi.”

<sup>95</sup> Saka, iwe hauna chokuita nezvazvo. Hauna kana chinhu chimwe chete chokuita. Kana dziri nyasha, kana chiri chipo chokungopuwa pachena, hapana kana chinhu chimwe chete chaunogona kuita pamusoro pazvo. Mwari ndiye akakupa ichocho, uye ndiko kuda kwaMwari. Ndicho chinhu icho Mwari akatemera kwauri.

<sup>96</sup> Bhaibheri rakati “takatemerwa kuva vanakomana nokugadzwa, sevanakomana vaMwari, nheyo yenyika isati yavapo.” Zvino, apo Mwari paakauraya Gwayana, mukufunga kwaKe Iye, nheyo yenyika isati yavapo, kuti aratidze zvikamu zvezvaAri, zvaAiva; pakauraiwa Gwayana, isu takauraiwa pamwe chete naRo. Apo ropa reGwayana rakabatwa mundangariro dzaKe Iye, shure uko nheyo yenyika isati yavapo, zita rangu pamwe neenyu akanyorwa muBhuku ipapo, zvose zvakaitika mukufunga kwaKe kukuru.

<sup>97</sup> HaAna magumo. Kana Asina kudaro, sei Wakazvitendera? Chakasimbisa kupfuura zvese ndechipi, (sezvandambotaura,) Muponesi kana kuti mutadzi? Chine simba gursa ndechipi? Saka, ane simba kupfuura mumwe akatendera ane simba shoma, uye Anongozvitira kubwinya kwaKe. PaAkaita Rusiferi, Aizviziva kuti achava dhiyabhorosi. Uye Akatendera kuti zvivepo kuitira kuti Agoratidza kuti Iye waiva Muponesi, Kristu. Waitofanira kuzvitendera kuti zviitike nenzira iyoyo.

<sup>98</sup> Zvino, Bhaibheri hariti here, kuti, “Zvinhu zvose zvinoshandira kunaka kune avo vanoda Mwari”? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Saka chii chamunotyaya?

Ngatisimukei timirisane,  
Nekurwiswa kwese nemwoyo unoda.

Musava semombe dzinofudzwa  
 dzinyerere, muchifanira kudembeterwa  
 nokunyengetedzwa!  
 Uye iva gamba!

<sup>99</sup> Ndinozvida izvo. Simuka umire! Detembo duku raisindibatsira zvakanyanya pandakanga ndichiri mukomana muduku, rinoreva zvakafanana nezvizvi.

Pakanga paine muRoma wairemekedzwa,  
 Mumazuva aMambo wechiRoma;  
 Wakanzwa mbwende ichizhamba,  
 Pamberi penhare achiti:  
 “O, hamuna njodzi mumuti uyu wefir,  
 Hapana anogona kuuzunza.”  
 “O, kwete,” gamba rakadaro,  
 “Ndichawana nzira yokuzviita kana kuti  
 ndichaigadzira.”

<sup>100</sup> Mazvionaka. Ndizvozvo. Kana Bhaibheri iri richidzidzisa kuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. . . Chakanga chisiri chinhu chiri nyore pandakabuda muTabhenakeri ino zuva riya, apo munhu wese akanga achindiudza kuti *izvi* zvichaitika uye *izvo* zvichaitika. “Uchanzi uri mupengo, ugopfigirwa mujeri, uye vose veboka rezvokurapa vacharwisana newe.” Asi Mwari wakati zviite. Bhaibheri rakati ndizvo zvaAiva. Uye zvino rumutsiriro rwava kubvira mundudzi dzose pasi peDenga. Sei? Mirai nazvo!

Unoita basa rako sei zuva nezuva?  
 Unoty here basa rako raunenge wawana?  
 Unogona here kumirisana nebasa  
 rawakatarisana naro?  
 Ndangariro dzako dzakaneta here uye hadzina  
 chinhu here? (Ndinovenga zvinhu izvo.)  
 Kana kuti unomirisana here nebasa riri mberi  
 kwako,  
 Kana kuti muzere kutya imomo?  
 Kana zvakadero, shanda raunosangana naro  
 rinotevera,  
 Uchifunga kuti uri kuzoriita.

<sup>101</sup> Gara naro. Zvirokwazvo. Nanga mumwoyo mako, saDhaniere. Gara naMwari.

<sup>102</sup> “Izvi zvose zvakaitikira kupi? Zvakaitika sei? Chii chinoita kuti vanhu vave saizvozvi? Seiko tagadzirira kutoparadzwa? Hama Branham, nditsanangurirei. Chii chinokuitai kuti mufunge kuti zvose izvi zvinofanira kuparadzwa zvobviswa?” Zvakamboparadzwa kamwe chete kumashure, (ndizvo here?) pakuparadzwa kwemvura zhinji. Zvino hezvinoi zvimwe zvinhu zvakadzika. Uye tichagadzirira kuverenga.

103 Zvino ndinoda kuti muvhure neni, kuBhuku raGenesisi, pachitsauko 3. Kana uchida kuziva chimwe chinhu, ndinogona kukuratidzai muBhuku rino raGenesisi pakatangira chinamato chenhema chose uye chipoka chose chose, uye nezvose zvatinazvwo nhasi chaiko, zvakatanga muna Genesisi. Vangani vanozviziva izvozvo *Genesisi* zvinoreva “mavambo”? Zvirokwasvwo.

104 Tinowana chechi yeKatorike mumavambo, Bhabhironi, Nimirodhi ndiye muvambi wayo; tinoiwana pakati peBhaibheri, tinoiwana panoperera Bhaibheri; tinowana kuti, paiedzwa kupinzwa vaparidzi vechikadzi, pakutanga kweBhaibheri, pavainamata zvimupunzo zviduku zvakagadzirwa nemidzi. Vangani vakaverenga *Two Babylons*, rakanyorwa naHislop renhorondo? Zvakanaka. Tinoona, kuti munhorondo idzi. Paiva nomudzimai... Uye munorangarira, kuti kunyange Jakobo wakaba vamwari vababa vake, uye mwanasikana wake akazviviga pasi pake uye akaenda nazvo kunze uko kurenje, izvo zvakazosvibisa musasa, kumberi. Zvakanaka.

105 Ngatichiverengai zvino muna Genesisi.

*Zvino nyoka yakanga iine mano kupfuura mhuka dzose dzesango idzo ISHE Mwari akanga aita. Iyo ndokuti kumudzimai, Nhai, Mwari wakamboti here, Musadya michero yose yomumunda?*

*...mudzimai ndokuti kunyoka, Tinogona kudya muchero wemiti yomumunda:*

*Asi muchero womuti...uri pakati pomunda, Mwari wakati, Musadya uye musaubata, kuti murege kufa.*

*Nyoka ikati kumudzimai, Hamungafi zvirokwasvwo:*

*Nokuti Mwari anotoziva kuti muzuva ramuchaudya, maziso enyu achavhurika, (maona, kutsvaga Chiedza chitsva), uye muchava savamwari muchiziva zvakanaka nezvakaipa.*

106 Munoono maitire ari kuita machinda aya nhasi, vachiedza kubvisa kubva muBhaibheri? “Sei, hazvisi nyore here kungodira, kana kusasa, nenzira iyi kana nenzira iyo?” Kwete, changamire. Mwari wakaisa hurongwa, zvino ndihwo hwatinofanira kutevera, *Izvi*.

*Uye mudzimai paakaona kuti muti wakanaka kuti udyiwe, uye kuti waifadza meso, uye kuti muti ufanira kudiwa kuti...ungwadze munhu, akatora muchero uyu, ndokuudya, ndokupawo kumurume wake naiye; uye iye ndokubva audya.*

*Uye maziso avo vose vari vaviri akabva avhurika, ndokubva vaziva...kuti vakanga vasina kupfeka hanzu; ndokubva vasona mashizha omuonde pamwe chete, ndokuzvigadzirira maapuroni.*



107 Ndinoda kumbomira pano apa kweminiti. Zvino, panofanira kuva nemavambo ezvose. Iwe wakava nemavambo. Zvino isu . . . Pano ndipo pandinoda kuisa nheyo yezvinhu zvose, zvino, zvatakataura nezvazvo mumasevhisi maviri okupedzisira aya, uye kusvika pano.

108 Zvino, mangwanani ano tadzokera kumashure tikafananidzira, muBhaibheri, apo Mwari paakanga achisika nyika, apo paAkanga achigadzira mhopo dzakasiyana-siyana; uye mhopo idzi dzikazova calcium, nepotash, ne—nezvimwe zvinhu zvakasiyana. Akanga achigadzira mutumbi wako. Wakanga achitanga chivakwa, sezvinoita movaki nyanzvi, somukuru wavavaki achiisa zvivakiso pachena zvokuti avake nazvo dzimba. Akanga achigadzira mutumbi wako, uye Akauradzika ipapo. Ainyatsoziva, mundangariro yaKe, zvakanga zvichizoitwa.

109 Ruwoko *urwu*, Mwari wakaita ruwoko urwo Asati a . . . paAkanga achisika nyika; asi, mweya wangu Akaita nyika isati yavapo. Zvino, asi ruwoko urwu nomutumbi uyu, Akazviita paAkaita nyika, nokuti mutumbi uno wakabuda kubva munyika, uye uchadzokera muvhu. Mwari wakaita izvozvo. Akazviisapo mugwara raKe guru risingashandurwi nemuhurongwa hwake.

110 Zvino, paAkaita nyika, Akaita munhu, uye munhu wakanga asinganyatsi kuratidzika zvakanaka. Zvino ndizvo zvatanga tinazvo, mangwanani ano, patatevedza kufananidzira uku, apo Ba—Baba vakaburuka vakatarisa mwanakomana waVo, wakaitwa nomufananidzo waVo, nezvakadaro. Ndokubva Vamugadzirira mudzimai, shamwari mubatsiri.

111 Zvino, rangerirai, kuti, zvisikwa zvose zvepanyika, Adhama wakanga azvipa mazita.

112 Wakanga aita mo—mombe, nemhuka, nezvose. Uye nhasi, isu . . . Vateveri vemaitikire ezvinhu ne—nepfungwa huru dzakasiyana-siyana dzesainzi, vanga vachiedza, kwezviuru zvitanzhanhatu zvakakore, kuti vawane chibatandizo chisipo, kuti sei mhuka iyo . . . Munhu hupenyu hwemhuka. Tinozviziva izvozvo, kuti takagadzirwa . . .

113 Uye mudzimai chikamu chomurume, akabva kumurume. Mudzimai wakanga asiri pakusikwa kwokutanga. Mwari wakanga apedza kusika, kwemakore namakore namakore, ndipo paAkazogadzira mudzimai kubva parumbabvu rwakabva parutivi rwomurume. Adhama wakanga atopedza kupa mazita kuzvisikwa zvose, nezvose, asi iye wakanga asina chake. Saka, Iye Akamugadzirira mubatsiri shamwari; wakabvisa rumbabvu kubva parutivi rwake, ndokuvhara pakanga pavhurwa, ndokumugadzirira mubatsiri shamwari yake. Uye murume, mumweya wake, wakanga ari zvose murume nomudzimai.

114 Uye mudzimai anongova chikamu chomurume. Uye kana murume akazvitorera mudzimai, uye kana mudzimai ari zvamazvirokwazvo mukadzi womurume iyeye, mukadzi wokupiwa naMwari, mudzimai uyu anonyatsova chikamu chemurume.

115 Ndicho chikonzero paine kunetsana kuzhinji mumichato, chikonzero ndechokuti unoenda kunze uko woona mumwe musikana ane maziso ebhurauni akanaka kana kuti maziso eblue, kana kuti chimwe chinhu chakadaro, chimiro chakanaka, wobva wamuda. Nguva yokutanga yaanongoita mwana wake wokutanga, mazino anobva atanga kudonha, obva atanga kuunyana nokuchembera, zvararo woda kumudzinga. Uye vamuve venyu imi madzimai munoono mukomana ane vhudzi riri kuerera richidzika, apedzera hafu yegaba remafuta raamai vake pariri, uye rakamonyoroka zvinoerera. Uye richazodonha rose; izvozvo ndinozviziva nokutozviona zvichiitika. Asi chii chinoitika? Chii? Munomhanyira izvozvo.

116 Unofanira kutanga, wanamata, nokuti mudzimai chikamu chako. Uye kana ukambundikira mudzimai pachifuva chako, ukamutora somudzimai wako, uye iwe...Anoisa chidhindo pauri. Tichazvitaure sezvizvi kuitira kuti munzwisise. Uye mumwewo zvake mudzimai akauya pachifuva ichocho haakwani pachidhindo chiripo. Uye Mwari achazokuti uzvipindurire izvozvo. Ingozviringarirai izvozvo.

117 Iwe unotora mudzimai womumwe munhu woenda naye kunze uye...Ndanzwa nhasi pamusoro pomumwe musikana muduku muno muguta, muduku anonzwisa tsitsi. Ndinomuziva. Uye mumwe muchovhi wenjuga akamutengera nhumbi zhinji dzakanaka, nezvinhu, uye achiedza kumukwezva nenzira iyoyo. Gonzo, ndiro ringaita zvakadaro, haangambotorwa semunhu.

118 Munozviziva, kuti imbwa haina tsika dzakaderera kudaro, asi munoti imbwa hadzi ine vana kuti “chipfeve.” Ine hunhu hunodarika hafu yemadzimai emuJeffersonville. Uye munodaizda nguruve hadzi ine vana kuti “pfambi,” uye havana...Ine hunhu ipapo kupfuura madzimai emuno muUnited States, vazhinji vavo. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, ndinoziva kuti izvi zvakanatsonanga. Uye ndakuudzai kuti ndichanyatsozvikuva kuti zvinyatsovika, uye ndinoda kuti muzvize. Uye ichokwadi. Ava vose, madzimai mazuva ano, havambozivi kuti hunhu chii. Vanoti, “Hazvindirovese hana yangu.” Zvakanaka, hauna hana yachozve. Zvicherechedzei. Hongu, changamire. Kana, mava kuziva zvakakanaka nezvakaiipa.

119 Zvino cherechedzai. Murume uyu, paakasikwa, Mwari wakapatsanura mweya wake. Uye Akatora chikamu kubva pamurume, parutivi rwake, ndokugadzira mudzimai kubva pachiri. Ndokubva Atora mweya wechidzimai, wakapfavirira

kubva mumurume, ndokubva agadzira mudzimai kubva pauri. Ndokubva Aita murume, mweya wechirume, wakasimba.

<sup>120</sup> Uye mukaona mu—mu—murume muduku...munoziva, achizvipenda-penda, kana zvamunozvidaidza, nzara dzake; munoziva, ina kudivi rimwe neshanu kune rimwe divi, uye—uye achieredza vhudzi rake richidzika; uye achivhura muromo wake mberi, nezvinhu zvakafanana naizvozvo; mumwe wavamomana ava vakanaka. Ibvai mangorangarira, hanzvadzi, pane chisina kumira zvakanaka pashiri iyoyo. Pane chimwe chinhu chakashata. Zviri nani unyatsomucherechedza mukomana uyu.

<sup>121</sup> Uye kana ukaona mudzimai aine mudzanga nechekunoperera muromo wake, akapfeka hovhorosi, achiti, “Ndinokutaurira, muchinda, kuti chii ichocho!” Hama, ngwarira musikana mukuru uyu. Pane chakakanganisika paari.

<sup>122</sup> Mudzimai, anofanira kuva mudzimai, uye anofanira kupfeka somudzimai. Mwari paakasika murume, Akamuita chimwe chinhu; uye Akagadzira mudzimai kuva chimwe chinhu. Uye Mwari paanopfekedza munhurume, Akamupfekedza neimwe nzira, uye mudzimai zvimwe zvakasiyana. Uye Bhaibheri rakati, “Chinhu chinonyangadza kuti mudzimai apfeke hanzu ine chekuita nemunhurume.”

<sup>123</sup> Uye imi madzimai, munopfeka mitirauzi iyi nezvimwe zvakadaro, muchizvipfeka kunze uko, zviduku zvekare... Munozvidaidza kuti chii, knickerbocker? Vanozviti...? O, zvinhu izvozvo vanozviti...” Kwete, kwete, hazvisi zvikabudura, ndezviya, zvine makumbo marefu pazviri. [Ungano inoti, “Mapedal pusher.”—Mupepeti.] Zvikabanga, nemahovhorosi, madhangarii.

Unoenda, woti, “Izvi ndezvemadzimai.”

<sup>124</sup> Ini ndakati, “Kwete, mapotsa. Madzimai anoremekedzwa haapfeki zvinhu zvakadai. Vakadzi vangadaro, asi madzimai anoremekedzeka haadaro.” Ndizvozvo.

<sup>125</sup> Bhaibheri rakati, “Chinyangadzo kuti mudzimai apfeke hanzu...uye kuti murume apfeke hanzu inechekuita nemudzimai.”

<sup>126</sup> Uye varume vari kuwedzera kuita savakadzi, zuva nezuva, uye vakadzi vari kuwedzera kuita savarume. Chii chiri kuitika? Tichazviona mumaminitsi mashoma, neBhaibheri. Madzimai haasisiri madzimai zvino. Handirevi imi madzimai eChikristu. Ndiri kutaura pamusoro pevamwewo zvavo. Vanoda kuita savarume; vanoda kugurira vhudzi ravo savarume; vanoda kuisa mavoko avo padanda, *sezvizvi* voimba kuti *Mwari Ropafadzai America*, mudzanga wefodya uchibuda nepakona yemuromo.

<sup>127</sup> Ukadzika nomugwagwa, kunze uko seri, uchifamba mumugwagwa mukuru. Takaverenga...Ndinoda kukuudzai chimwe chinhu. Uye imi madzimai anotyaira, tererai. Billy Paul

neni, patakanga tiri mukuvhangerera tichitenderera munyika ino, mwedzi mitanhatu, ndakanga ndichiverenga tsaona kuti ingani dzakaitika mumugwagwa. Kubva mumazana matatu emhosho, pamugwagwa, femberai kuti ingani dzakakonzerwa navatyairi vechikadzi? Pakanga pasina... Gumi nepfumbamwe dzakakonzerwa nevarume. Uye mazana maviri nemakumi masere, kana kuti ndinotenda kuti mazana maviri nemakumi masere neimwe yadzo zvakakonzerwa nevatyairi vechikadzi. Vatyairi vechikadzi! Zvino, handisiri kuti hapana vatyairi vechikadzi vakanaka. Asi mudzimai anongoerekana achaya kona pese-pese zvapo.

<sup>128</sup> Zvino kuti iwe ungaedza kumudzosa? Ngaangove angangotaridzika zvakanaka pachiso chake, agomira apo, agopuruzira vhudzi rake richikwira panouya mupurisa ipapo. “Sei,” mupurisa anobva ati, “zvirokwazvo, ndiwe wakanganisa!” Hatichina murairo.

<sup>129</sup> Vakazviratidza zuva riya panyaya yomutero yandichangopedza nayo. Hatichina mirairo. Kana pane...

<sup>130</sup> Ndiko kusaka madzishe okuEngland akati, “Kutonga kwegutsaruzhinji chikepe chinongoerera chisina hoko inodzikamisa.” Ndizvozvo, unogona kumira pabhokisi romushamarari, uchizvishambadzira. Kutonga kwegutsaruzhinji kwaora, uye ndizvo zvaitawo kutonga kwavanambimbindoga nevamwe vavo vose. Zvose zvaora. Hapasisina chasara kusiya kwechinhu chimwe chete chokuti Mwari aite, ndechokuparadza zvinhu izvi zvose, sezvaAkataura kuti Achaita, uye ogotanga patsva. Zvino cherechedzai kuti wava kuswederera pedyo zvakadini noKuuya.

<sup>131</sup> Zvino apo mudzimai uyu... Akamuitira mubatsiri shamwari, uye iye mudzimai waifanira kuva mubatsiri shamwari yemurume. Uye zvino...

<sup>132</sup> Zvino, pano, handisati ndambonzwa muparidzi anowirirana nezvizi kusvika zvino. Uye vanoedza kuzviita neimwe nzira, asi kwandiri hazvina musoro. Vanoedza kuti Adhama naEvha vakadya maapurosi. Hama, kana... Handisi kutaura izvi kuti ndisekese vanhu zvino, asi ndiri kuda kuzvitaura. Nokuti, kana kadya maapurosi kuchiita kuti madzimai aone kuti akashama, zviri nani tigovere maapurosi zvakare. Uye munoziva kuti ndizvozvo.

<sup>133</sup> Munoziva, kuti kadya apurosi, hazvisizvo zvavakaita, zvika vava kuziva kuti vakashama. Zvirokwazvo, zvakanga zvisiri izvozvo. Zvakatouya nenzira yokusangana kwemurume nomudzimai. Zvakatofanira kudaro, nokuti vakazocherechedza kuti vakanga vakashama mushure mokudya muchero uyu wakarambidzwa. Mudzimai haasi muti womuchero here? Iwe hausi muchero waamai vako here? Ndiwo muchero wakarambidzwa kadya.

<sup>134</sup> Zvino hechinoi chinhu chikuru. Zvino chinhu chiri pedyosa icho sainzi yakaedza kuziva pakuti munhu wakanga akaita sei ndechokuti. . . Vanochera mapfupa ekare, vitora mapfupa akaomera muvhu, uye vitora misoro, uye vanitora matehenya, nemavoko, nemapfupa, voedza kuumba chimiro chinoratidzika somunhu. Uye vanoziva kuti chinhu chiri pedyosa chavakambosvika pachiri pakuedza kuziva munhu, chinotevera ipapa, chimupanzi. Ndicho chisikwa chiri pedyosa nemunhu; asi zvakadaro hachisi chinhu kana tauya pamunhu, munhu ndiye chisikwa chapamusorosoro.

<sup>135</sup> Chimiro chehupenyu hwepasi-pasi idatya; Chimiro chapamusoro-soro munhu. Mwari wakatangira pasi ndokugadzira achikwira, kusvikira Azvisvitsa pachimiro chaKe. Akazvikwidza kubva pashiri nemhuka, achikwira, kusvikira Ava nechimiro chaMwari. Akaita munhu nechimiro ichocho. Ndicho chimiro chepamusoro-soro. Hwepasi-pasi rinongova zunguzurwa rinozoshanduka kuva datya, nezvakadaro.

<sup>136</sup> Zvino chibatanidzo chisipo, chavasingagoni kuwana. Cherechedzai Magwaro zvino. Imi, muchatadza kuwirirana neizvi, vazhinji venyu, asi ndinoda. . . Ndinongoda kuti zvigare zviri mupfungwa dzenyu. Uye usava nemaonero anopesana nazvo. Tererai.

<sup>137</sup> Ndinoziva vazhinji venyu vanga vachiterera kuna Chiremba DeHaan. Zvamazvirokwazvo ndino. . . Semunhu ane maitiro ake, hama yechiBaptisti yakanaka, uye ndinomuyemura. Vane huchenjeri hwakawanda uye vane pfungwa, uye—uye vakanganwa kupfuura zvandinoziva; nekuti ndiChiremba we—weZvokunamata, uye ndiChiremba wezvehutano, uye ndiChiremba weSainzi. Murume akangwara. Asi ari kuti avo. . . Apo vanakomana vaMwari pavakaona vanasikana vevanhu vakanga vakanaka; anatora zvinotaurwa naJosefasi, oti “va—vakazvipinza mumutumbi wemunhu,” vakazvitorera madzimai avo. Uye maiva nehofori munyika yaNod. “Uye vakanga vatora madzimai vakagara nawo, apo vana vaMwari, Ngirozi dzakawa, vakaona vakatora vanasikana vevanhu; uye manzwiwo eruchiva aiva chinhu chikuru, uye ivo vari muchivi mushure mokuwa, vakazvimanikidzira munyama yemunhu.

<sup>138</sup> Kana vakaita izvozvo, vanokanganisa kupodza kwaMwari, vanokanganisa zvimwe zvese. Kana dhiyabhorosi achigona kusika, akaenzana naMwari. Dhiyabhorosi haagoni kusika. Ndinoda kuti mundiratidze nzvimbo imwe chete apo dhiyabhorosi akagona kusika. Haagoni kusika. Anongotsveyamisa zvakasikwa. Haasi musiki. Anongova mutsveyamisi.

<sup>139</sup> Zvino, ipapo, chii chakaitika? Cherechedzai. Haanoi maonero angu. Hechinoi chibatanidzo chisipo.

140 Zvino vakatora chimpanzi, asi haukwanisi kusanganisa chimpanzi nemudzimai pobuda mwana. Haukwanisi kusanganisa munhu nemhuka ipi zvayo. Hazvisangani. Haugoni kusanganisa ropa redu, neremhuka ipi zvayo.

141 Pandaiva kuAfrica, vaibata vanhu vatema varombo ivavo nenzira iyoyo; mumwe akati kwandiri, akati, “Havasi chinhu asi mhuka.”

142 Ndakati, “Mati kudii. Vanongova vanhu sezvauri, kana kutokudarika.” Rega ndikuudze; ukava nemaonero iwayo, uri kudzoka wakananga kumhuka. Ndakati, “Murume iyeye, kana akasviba semubato wefoshoro, kana kuti akaita yellow senhanga, kana kuti akaita blue seindigo, anogona kuraramisa hupenyu hwako nekukupapa. Asi usafa wakaisa ropa remhuka mauri.” Zvirokwazvo, munhu.

143 Nokuda kokungoti rimwe ganda idema, rimwe rakatsvukuruka, rimwe ndereyellow, uye rimwe ijena, hazvina chekuita nazvo. Bhaibheri rakati, “Mwari neropa rimwe chete akasika vanhu vese.” Uye ndizvo chaizvo. Nzvimbo dzatakagara, ndidzo dzakashandura ruvara rvedu, zvakanga zvisina chekuita nazvo. Mwari akagadzira ndudzi dzese nemunhu mumwe—mumwe, ropa rimwe, ndudzi dzese dzakafanana.

144 VechiChina; munhu mutema haangati iko zvino, munhu mutema haangati zvino, haangati, “MuChina, ndeweyellow, handifaniri kuwana chokuita naye.” Ihama yako. Uye iwe munhu wechichena haangati kumunhu weyellow kana kuti munhu wechitema, upi zvake, “Handina chokuita newe.” Ihama yako. Ndizvozvo chaizvo.

145 Cherechedzai zvino, hezvinoi zvakaitika. Ndinotenda, uye ndinogona kuzvitsigira neBhaibheri, kuti nyoka ndiyo yakazviita. Nyoka ndiyo munhu uya ari kushaikwa pakati pechimpanzi nemunhu. Nokuti, tererai, cherechedzai izvi zvino, kuti nyoka yakanga isiri chisikwa chinogweshwa nedumbu. Yakanga “ichinyengera” kupfuura mhuka dzose dzesango.

146 Zvino, ndatora maduramanzwi, nhasi, kubva kwese kwese, kuti nditsvage inzwi iri, zvinorehwa nenzwi rokuti *kunyengera*. Rinoreva “kuchenjera, kuva nemano-mano,” uye, dudziro yakanyanya kunaka ye—yechiHebheru (kubva muna m-a-h-a-h, mahah) zvinoreva “kunyatsoziva zvamazvirokwazvo maitirwo ehupenyu.”

147 Zvino ngatitarisisei izvi kweminiti. Wakachenjera, ane mano-mano, asi zvakadaro anonzi “nyoka.” Asi, rangarirai, ndiye chinhu chakanga chakangwarisisa chaivapo, uye chakanyanyofanana nemunhu kupfuura zvimwe zvese zvesango; chakanyanyofanana nemunhu. Yakanga isiri chipuka chinogweshwa nedumbu. Kutukwa ndiko kwakaita chipuka chinogweshwa nedumbu. Uye chaiva... Bhaibheri rakati ndiyo yakanga yakanaka kupfuura zvose.

<sup>148</sup> Uye kunyange kutukwa hakuna kubvisa runako rwayo rwose; asi kunyange zvakadaro mavara anobwinya enyoka akanaka, uye nemaratidzikiro ayo anokwezva uye nehuchenjeri. Kunyange kutukwa hakuna kuzvibvisa. Asi, munorangarira, Mwari wakaiudza kuti icharasikirwa nemakumbo ayo uye kuti ichafamba nedumbu. Zvino haugoni kuwana kana bvupa rimwe chete munyoka rakaita seromunhu, uye ndicho chikonzero sainzi ichipapotsa. Asi ndiyo.

<sup>149</sup> Mwari wakazviviga kubva kumaziso evakachenjera nevanoziva, akavimbisa kuzvizarura kuvianakomana vaMwari, mumazuva okupedzisira apo vanakomana vaMwari vacharatidzwa, apo, “Vanakomana vaMwari vaifara nheyo yenyika isati yavapo.” Apo chizaruro chikuru choMwari nezvimwe chichazoburutsa mumazuva okupedzisira, Achazozviratidza zvinhu izvi nomuvanakomana vaMwari. Munoziva kuti Magwaro anozvidzidzisa izvi. Uye ndipo patava zvino. Ndicho chikonzero Mwari ari kuzarura zvinhu izvi kwatiri. Mwari ari kuratidza vanakomana vaKe. Ari kupfuurira pose panoperera zivo yemunhu, achipinda mukati-kati mezvizaruro zvepamweya, achiZviburutsa. Tanga tisingadzidzisi here, muBhaibheri iri, “Hezvinoini zvinopiwa kune ane huchenjeri”? Kwete zvaakadzidza kuseminari; asi zvaakadzidza akapfugama pamberi paMwari, nezvakafadza Mwari kuti azviye kwaari. Vanakomana vaMwari, vachiratidzwa!

<sup>150</sup> Heinoi nyoka, zvino hezvinoini zvakanga zvakaita nyoka; ndava kukupai tsananguro yangu yezvairi.

<sup>151</sup> Tine . . . tadzika, kubva padatya, tichidzika kuzunguzurwa, tichidzika saizvozvo, *ichi-ne-ichi*, kusvikira tasvika patsoko, kuchimpanzi. Uye zvino kubva pachimpanzi, kubvapo tinosvetuka kubva pachimpanzi tosvika pamunhu, ipapo toshamisika kuti sei.

<sup>152</sup> “Zvakanaka,” sainzi inoti, “zvino imbomirai! Tinogona kusanganisa mudzimai netsoko uye nechimpanzi, uye kana kuzvipesanisa, munhu achisanganiswa nechimpanzi.” Hazvishandi. Kuzvisanganisa neimwe mhuka ipi zvayo; hazvitomboshandi. Ropa harisangani; tora ropa rako, rakatonyatsosiyana ropa iri, zvachose.

<sup>153</sup> Pane rimwe ropa pakati apa, uye vari kutadza kuwana mhuka yacho. O, Hareruya, ndiri kunzwa kupinda mumweya zvino. Cherechedzai. Sei? Mwari wakazviviga kubva kwavari. Hamuna bvupa munyoka rinoratidzika sebvupa remunhu. Akazviisa kure zvakanyanya zvokuti vakachenjera vasambokwanisa kutsvaga vakazviwana.

<sup>154</sup> Uye ndava kuzokuratidzai kuti munhu wakachenjera anobva kupi, kuti—kuti ari papi, zvakadaro. Munooni haangagani kuuya nedivi iroro.

155 Zvinofanira kuuya nechizaruro, “Ndimi Kristu, Mwanakomana we...” “Pamusoro peruware urwu ndichavaka Chechi yaNgu; uye masuwo egehena haagoni kuikurira,” chizaruro chapamweya. Abheri a—akaziva sei kuti anofanira kupirisa gwayana, panzvimbo apo Kaini akanga achipirisa zvibereko zvomumunda? Zvakazaruwa kwaari pamweya. Hauzwiwani kubudikidza nemaseminari. Hauzwiwani nemumasangano. Unozwiwana kubva kuDenga.

156 Zvino cherechedzai nyoka, nyoka iyi yepakutanga. Ngatidhirowei mufananindzo wayo zvino. Murume muhombwe chaiye. Iri pakati pechimpanzi nemunhu. Uye, nyoka; dhiyabhorosi, Rusiferi, waiziva kuti iroro ndiro ropa bedzi raigona kusanganiswa neropa romunhu, ndiye munhu bedzi waaigona kushanda naye. Haaigona kushanda nechimpanzi, ropa iroro haraigona kusangana. Haaigona kushanda nezvimwe zvakasiyana. Haaigona kushanda negwai. Haaigona kushanda nebhiza. Haaigona kushanda nemhuka kana ipi zvayo; aitofanira kushanda nyenya iyi.

157 Ngatimutorei zvino tione kuti anoratidzika sei. Muchinda muhombwe, hofori yakavapo nhoroondo isati yatanga kunyorwa. Ikoko ndiko kwavanowana mapfupa makuru iwaya, uye ndinoda kukuratidzai izvi muBhaibheri. Zvino cherechedzai zvakananyanya. Zvakanaka. Muchinda mukuru uyu, ngatimutii a—akanga akareba mafiti gumi, aine mapendekeke makuru; airatidzika sezvakangoita munhu. Uye ropa rake; tichidzika, tichibatanidza imwe mhuka neimwe. Unogona kusanganisa mhuka dzakasiyana. Uye zvakaramba ropa richingokwirira, mhando yohupenyu ichingokwirira, mhando ichingokwirira, kusvikira tasvika pachiero chiri munhu. Asi chinobatanidza chokupedzisira pano, pakati apa, chakadamburwa chikabva. Ndivanaani vanoziva kuti sainzi haisi kuwana chibatanidzo chisipo? Mose munozviziva. Nemhaka yei? Heunoi pano, inyoka. Heunoi pano, muchinda mukuru.

Uye dhiyabhorosi anoburuka, zvino, oti, “Ndinogona kufemera.”

158 Zvino ukaita tsika yokutarisa madzimai, nemaitiro emadzimai, rangerira wakazodzwa nadhiyabhorosi, (uye asiri mudzimai wako chaiye).

159 Cherechedzai, zvino, dhiyabhorosi wakadzika ndokupinda munyoka. Uye akawana Evha ari mubindu reEdheni, asina kupfeka, ndokubva atanga kutaura pamusoro pomuchero uri pakati. *Pakati* zvinoreva “pakati,” uye nezvakadarwo; munozvinzwisisa, muungano yakasangana. Uye iye ndokuti, “Zvino, unonaka. Wakanaka kumaziso.” Chii chaakaita? Akatanga kuita zverudo naEvha, uye ndokurarama naye, somurume wake.



160 Uye mudzimai akaona kuti zvaifadza, saka wakaenda akanoudza murume wake, asi wakanga atova nepamuviri paSatani.

161 Zvino akabereka mwanakomana wake wokutanga, uyo waiva nezita rokuti Kaini, mwanakomana waSatani.

“Zvino,” iwe unoti, “hazvizizvo.”

162 Zvakanaka, tichazvitsvaga tione kuti hazvizizvo here kana kuti kwete. “Uye Ndichaisa ruvengo pakati peMbeu yako nembeu yenyoka.” Chii? Mbeu yenyoka! Mudzimai waiva neMbeu, uye iyo yaiva nembeu. “Uye Iye achakuvadza musoro wako, uye iwe uchakuvadza chitsitsinho chaKe.” Uye *kukuvadza*, apa, kunoreva “kuita Yananiso.” Zvino hepanoi pane “mbeu” yenyoka.

Zvino, cherechedzai, pano ndipo panobuda varume ava vaviri.

163 Zvino, nyoka, payakamira ipapo, muchinda hofori uyu akamira ipapo, akanga aine mhosva yokuita hupombwe nomudzimai waAdhama. Nhasi chivi chiri papi? Chii chinoita kuti zvinhu zvine zvazviri nhasi? Zvino, ini—ini . . . Zvirokwazvo munogona kubata zvandiri kutaura pamusoro pazvo. Uye hezvinoi ndizvo zvazvaiva.

Uye paakadaro, Mwari akati, akatanga kudana Evha naAdhama.

Uye akati, “Ndakanga ndakashama.”

Uye Iye akati, “Ndiani akuudza kuti wakashama?”

164 Ipapo vakatanga, kuita nenzira yemuhondo, kupomerana mhosva. Akati, “Zvakanaka, mudzimai waMakandipa, ndiye wazviita. Ndiye wakandinyengetedza.”

165 Uye mudzimai akati, “Nyoka yandipa apurosi”? Zvakanaka, muparidzi, funga somunhu kwaye.

166 Mudzimai akati, “Nyoka yandinyengera.” Munoziva kuti *kunyengera* zvinorevei? Zvinoreva “kusvibisa.” Sezvaakanga ari. Dhiyabhorosi haana kumbopa mudzimai apurosi. “nyoka yandisvibisa.”

Ndipo pakabva pauya kutukwa.

167 Iye akati, “Nokuti wateerera nyoka pachinhambo chokuteerera murume wako, watora Hupenyu kubva munyika. Uye ucha—uchawanza kusuruvara kwako; uye kubata mimba kwako kuchava kumurume wako,” nezvakadaro.

168 “Uye nokuti wateerera mudzimai wako, pachinhambo chaNgu (Ini ndakakutora kubva muhuruva; kuva chisikwa chepamusoro-soro), kuhuruva uchadzokerazve.”

169 “Uye, nyoka, nokuti waita izvozvo, makumbo ako achabva pauri. Uchafamba nedumbu rako, mazuva ose ehupenyu hwako.

Uye uchavengwa. Uye huruva ndiko kuchava kudya kwako.” Mazvionaka. Ndicho chibatandizo chisipo.

<sup>170</sup> Zvino hepanoi Kaini anouya. Ngaticherechedzei hunhu hwacho. Hepanoi Kaini anouya. Murume rudzii? Murume wamabhizimisi wakachenjera. Anorima minda. Wakangwara, wakachenjera; munamati, anoda zvokunamata zvikuru; mucherechedzei—mucherechedzei zvaakaumbwa nazvo zvino. Ingofambai neni zvino kwemaminitsi mamwe mashoma.

<sup>171</sup> Hepanoi wauya. Anoziva kuti munhu wetsika. Anoda kuenda kuchechi. Anozvivakira chechi, ozvigadzirira chipiriso. Ounza aritari, nezvose. Wakavaka aritari, ndokuisa maruva ake pairi. Ndokuisa munda, zvbereko zvomunda, ndokuzvipira kuna Mwari. Akati, “Hezvoi kwaMuri, Ishe. Ndinoziva kuti takadya maapurosi, ndiwo akazvikonzera.” Vamwe vevana vake vane mhando yepfungwa imwe chete iyoyo. Zvinoratidza kwayakabva. Akauya nemaapurosi ake, kubva mumunda, ndokuatsveta ipapo, ndokuti, “Izvi ndizvo zvichaita yananiso.”

Mwari wakati, “Akanga asiri maapurosi.”

<sup>172</sup> Asi, nechizaruro chepamweya, Abheri wakaziva kuti raiva ropa. Saka akauya negwayana, akaricheka pahuro, rikafa.

<sup>173</sup> Uye Mwari akati, “Ndizvozvo. Ndiri rakazviita. Raiva ropa.” Munoziva kuti iropa ripi randiri kutaura nezvaro. Zvakana. “Rakanga riri ropa rakazviita.”

<sup>174</sup> Zvino cherechedzai. Uye ipapo Kaini paakaona munun’una wake wokunamata zvokuumburuka nohutsvene kuti wakanga agamuchirwa pamberi paMwari, uye zvishamiso nezviratidzo zvakanga zvichiitika zasi uko, wakamuitira goda. Akati, “Tinofanira kuzvimisa izvi iko zvino.” Tarisai hama dzake, tarisai vana vake, varipo nhasi. “Zvino, ini ndakangwara kumupfuura iye,” saka wakatsamwa. Ko *kutsamwa* kwakabva kupi? Ungati here kutsamwa uku...? Akauraya munin’ina wake. Waiva mhondi.

<sup>175</sup> Mungati here Mwari imhondi? Uye Adhama wakanga ari mwanakomana waMwari. Bhaibheri rakati, “Adhama waiva mwanakomana waMwari,” pamavambo aya asina chakamusvibisa. Adhama wakanga ari mwanakomana waMwari. Uye goda iro neshanje, nezvose, hazvaigona kubva parwizi rwakachena urwo.

<sup>176</sup> Zvaigona kutouya kubudikidza neimwe nzvimbo. [Patepi hapana chinhu—Mupepeti.] Uye zvakauya nokunaSatani, uyo waiva mhondi, kubvira pakutanga. Bhaibheri rakati, “Waiva munyepi nemhondi, kubvira pakutanga.” Uye hezvinoini. Akauraya munin’ina wake.

<sup>177</sup> Uye uyo wakanga uri muenzaniso wekufa kwaKristu. Ipapo, kubva pana izvozvo, nokuti, Akamutsa Seti kutora nzvimbo yake. Kufa, kuvigwa, nokumuka kwaKristu.

178 Uye cherechedzai, ipapa, ndipo pakabva hofori dziya. Zvino Kaini wakaenda kunyika yeNod. Kana baba vake vakanga vari hofori huru, ko Kaini waizova saani? Baba vake. Uye wakaenda kunyika yeNod, ndokutora imwe yehanzvadzi dzake.

179 Ndiyo nzira bedzi yaaigona kuita nayo. Pakanga pasina vamwe vakadzi vainge vauya, kunze kwevakazvarwa naEvha. Vanovati vakaita vanakomana nevanasikana makumi manomwe. Kana—kana pakanga pasina mukadzi. . . Bhaibheri hariverengi vakadzi pavanozvarwa, varume bedzi. Uye ipapo, kana pakanga pasina vakadzi kunze kwaEvha, paakazofa, rudzi rwevanhu rwaibva rwagumira ipapo. Waifanira kutova nevanasikana. Uye waifanira kutoorora hanzvadzi yake chaiyo.

180 Wakaenda kunyika yeNods ndoku—ndokuwana mukadzi wake. Uye paakamuroora ikoko, ipapo ndipo pavaakawana hofori hombe idzi, vanova vanakomana vaMwari vakanga vawa; vakauya nomuna baba vavo, dhiyabhorosi, nomuna Kaini. Hechinoi chibatandizo chisipo.

181 Uye cherechedzai mbeu yenyoka. Zvino cherechedzai. Rangarirai, mbeu yenyoka inonamata. Zvino itarisisei ichifamba zvino, kwemaminitsi mashoma. Heinoi iri kuenda, mbeu yenyoka. Chii chakaitika kwavari? Zvino regai ndiverenge chimwe chinhu pano, chandanyora pasi masikati ano.

182 Chii chakauya nomumutsetse waAbheri? Teererai izvi. Zvakanaka. Kwakauya Abheri. Mushure maAbheri kwakauya Seti. Mushure maSeti kwakauya Nowa. Mushure maNowa kwakauya Shemu. Mushure maShemu kwakauya Abrahamama. Mushure maAbrahamama kwakauya Isaka. Mushure maIsaka kwakauya Jakobo. Mushure maJakobo kwakauya Judha. Mushure maJudha kwakauya Dhavhidha. Mushure maDhavhidha kwakauya Kristu, kusvika pakukwaniswa.

183 Cherechedzai kumashure uko mararamire akaita Mwewa waMwari muna Abheri. Tarisai mararamire aWakaita muna Seti. Tarisai mararamire aWakaita muna Judha. Tarisai mararamire aWakaita muna Dhavhidha. Tarisai Mwewa mumwe chete uchidanidzira, nomumbeu yakarurama iyi, nzira yese tichidzika. Hazvina basa kuti chii chavakaita, vakanga vakatemerwa.

184 Tarisai pana Jakobo, akasviba. . . Handitauri izvi kuti ndiite sokunge handisi kuremekedza zvokunamata. Asi Jakobo, kamunhu kaya kemanomano, aingogara akanzvezvera ari pedyo naamai vake nguva dzose, mukomana muduku anoita semusikana. Akapiwa zvinhu, akaenda akanyengera baba vake, kuti awane maropafadzo; asi zvakanga zvapiwa kwaari nheyo yenyika isati yavapo. Zvirokwazvo, zvakadaro.

185 Akaenda uko kunze ndokundonyepera tezvara vake; ndokutora zvimiti zvine mavara, zvimiti zvomupoplar, ndokuzviisa mumvura, kuti zvivhundutse mombe idzi padzainge

dzava nezamu; kuitira kuti dzibereke mombe dzine mavara, kuitira kuti agonyengera nokutora mombe idzi. Mwari wakamuropafadza pazviri. Ndizvozvo.

<sup>186</sup> Ane nhamo ane chaanongotaura bedzi pamusoro paJakobo. Munoziva—munoziva zvakataura muporofita wenhema... Kana kuti, wakanga achiporofita zvakarurama. Bharamu, akati, “Uyo anomuropafadza acharopafadzwa, uye uyo anomutuka achatukwa.”

<sup>187</sup> “Ndakakutora iwe, Jakobo. Ndakamuwana se...seari munyika yeutorwa. Uye sechapungu chichizunza dendere racho, ndakamuzunza ndikamubuditsako.” Hareruya! “Hazvisi zvesimba, kana zvemutsimba, asi noMweya waNgu, ndizvo zvinotaura Ishe.”

<sup>188</sup> Tarisisai zvakadzika kusvika pakukwaniswa uku. Mweya iwoyo wakashanda uchidzika kusvika pakukwaniswa muna Kristu, uchidzika muVakuru, uchiramba uchidzika. Hazvina basa kuti chii chavakaita, chii chavakataura, chii chavakaita, vakanga vari mbeu yevakarurama zvachose.

<sup>189</sup> Uye, pano, apo Abrahamama wakarurama...Kubwinya! O, ndinonyatsonzwa zvakanaka. Abrahamama wakarurama paakasangana naMerikizedheki, Uyo waiva Mwari Pachake!

<sup>190</sup> Merikizedheki waiva ani? “Mambo weSaremi, anova Mambo weJerusarema, Mambo werugare. Wakanga asina baba. Wakanga asina mai. Wakanga asina mavambo amazuva, kana kuguma koupenyu.” Zvisinei kuti Iye angave Ani, Achiri kurarama zvino. “Haana kumbozvarwa. Haasi kuzombofa. Haana kumbova nababa kana mai. Haana kumbova namavambo amazuva, kana kuguma koupenyu.” Ndiudzei kuti Uyu waiva ani. Mwari weZienda nakuenda; mune zvatinodaizwa kuti... .

<sup>191</sup> O, ndakanganwa kuti munozvidaidza kuti chii zvino. Mutumbi weShoko, ndizvo zvauri. Sezvakaita mune...Kwete zvokufungidzira; asi zvakadarozvo ndicho chinhu chatoratidzwa pachena. SezvaAkauya kuna Abrahamama mutende kumusoro uko, sengirozi, akaporofita, ndokuudza Sara kuti waseka, ari kumashure kwaKe, nezvakadaro. Chinhu ichi, chinhu chimwe chete.

<sup>192</sup> Uye heUnoi pano. Akasangana naMerikizedheki. Uye sekuru...sekuru vababa Abrahamama, mumbeu yevakarurama, vakabhadhara chegumi kuna Merikizedheki; zvakapiwa kunzi zvakaitwa nemuzukuru wemuzukuru wake tichidzika zasi uku, mbeu yevakarurama.

<sup>193</sup> Zvino pano pava kuuya mbeu ye—yenyoka. Zvino, rangarirai, pachava neruvengo, hondo pakati pavo.

<sup>194</sup> Mbeu yenyoka inouya, uye zvino inoberekei? Zvino ngatitorei makore mashoma okutanga. Zvino tarisisai zvinotora nzvimbo ipapo. Tichazviverenga tichidzika, nokuti ndambozviongerora.

Mbeu yenyoka yakabereka Kaini. Kaini wakainda kunyika yeNod, ndokubereka hofori, uyezve ndokubva vauya kunyika yaNowa.

<sup>195</sup> Vakanga vakangwara, vakadzidza, vanhu vane njere. Ndizvozvo here? Vaiva vavaki, vagadziri vezvinhu zvitsva, vanhu ve sainzi; kwete vachibuda nomumbeu yevakarurama, asi vachibuda nomumbeu yaSatani, nyoka. Vakanga vari mhando yevarume se—sevanhu vesainzi, nevavaki, uye vari varume vakuru, vadzidzisi. Magwaro anodaro. Vaigadzira zvinhu zvendarira. Vaigadzira zvinhu zvedare. Vaigadzira zvinhu zvesimbi. Vaigadzira zvinhu zvitsva. Vaisanganisa simbi dzakasiyana-siyana, vachivaka dzimba, nezvakadaro. Magwaro anodaro. Uye vaiva vanyombi veMbeu yomudzimai, Nowa, wakarurama. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>196</sup> Ngativateverei kwechinhambo. Ipapo, tinosvika navo paareka, zvose zvakabva zvaparadzwa. Vakapinda mumvengemvenge yechivi, uye ndivo vakanga vachitonga, uye vakangwarisa nenjere. Kusvikira, Mwari wakatarisa pasi, pakanga pasisina vakawanda vakanga vasara, saka Wakangotora Nowa nemhuri yake muareka, ndokunayisa mvura pasi ndokuzviparadza zvose. Akanga atora Enoki, zvisati zvararo. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Heinoi mbeu yose, ingangoita mbeu yose; asi Ane chinangwa chinofanira kuzadziswa.

<sup>197</sup> Zvino, Nowa nevanakomana vake, avo vakabuda, Hamu, Shemu, naJafeti, vakabuda nomumutsetse wakarurama.

<sup>198</sup> Ko mbeu iyi yakayambuka sei? Mbeu iyi yakapinda muareka, sezvayakaita pakutanga, nomumudzimai, madzimai avo. Vakatakura mbeu yaSatani, nomuareka; sezvakangoita Evha akatakura mbeu yaSatani, akazozvara Kaini, kubudikidza nomumudzimai.

<sup>199</sup> Munois madzimai enyu papuratifomu kuti vave vaparidzi, Bhaibheri rakazvirambidza! Pauro wakati, “Kana munhu upi zvake achizvifunga kuti muporofita, kana kungotiwo ndewemweya, ngaagamuchire kuti zvandinonyora mirairo yaShe; asi kana ari asingazivi, ngaagare asingazivi.”

<sup>200</sup> Ndicho chikonzero ndakabuda muचेचे yeBaptisti zasi uko. Hama Fleeman vanga vari pano nguva shoma yapfuura; ndinofunga kuti vakanga varipo husiku ihwohwo. Chiremba Davis vakanditi, “Unofanira kumira pano uchizodza madzimai kuti vave vaparidzi.”

Ini ndikati, “Handisi kuzoita izvozvo. Kwete, zvachose.”

Ivo vakati, “Zvakanaka, ndava kukudzanga.”

<sup>201</sup> Ini ndikati, “Ndakadzingwa kubva kune zviri nani.” Ndikati, “Iri ndiro Shoko raMwari, uye Rinorambidza chinhu ichochi.

Uye handigoni kumira ndichitsigira chinorambwa naMwari.” Kwete, changamire.

202 Hazvinei kuti ndiani anozviita, zvinongoratidza kuti vadzidzisi venhema, vaporofita venhema. Bhaibheri rakati ndizvo zvavachava. “Vanonyengera vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka.” Mazvionaka.

203 Cherechedzai izvi zvino. Uye kubva mune izvozvo, ipapo, pakauya Hamu, Hamu nomukadzi wake, nevamwe. Wakanga aine kutukwa pamusoro pake. Kubva pana Hamu pakauya Nimirodhi, uyo wakavaka Bhabhironi. Kubva muBhabhironi kwakauya chechi yeKatorike, anova mavambo azvo. Tichidzika kusvika pakubudikidza nomuna Ahabhu. Tichidzika kubva muna Ahabhu, kwava kupinda muna Judhasi Isikarioti; zvoperera zvose, muna antikristu.

204 Uye mumazuva ano okupedzisira, pano tava nomweya waantikristu neMweya waKristu. Mweya waantikristu, uchiti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura.” Mweya waKristu uchiti, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Mweya waantikristu unoti, “Hazvina siyano yazvinoita kana ukabhabhatidzwa muna ‘Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,’ kudirwa, kusaswa, chero chipi chaitwa, zvinongoreva chinhu chimwe chete ichocho.” Bhaibheri rakati Mwari haakangani, uye haAshanduki. Uchazoshandira ani zvino? Zviri kwauri.

205 Zvino unoti, “Vangagara pamwe chete here? Mati imi, kuti, imomo muareka, Hama Branham, munavo vese Hamu naSeti.” Ndizvozvo, ndizvozvo chaizvo. Hamu wakanga akaipa. Seti wainamata uye wakarurama. Zvakanaka.

206 Ngatitevere Hamu. Zvakanaka, zvino, hounoi Hamu naSeti vari muareka imwe chete; mumwe wakarurama, uye mumwe wakaipa. Makanga mune gunguwo nenjiva muareka imwe chete. Makanga muina Judhasi naJesu muchechi imwe chete. Makanga muina antikristu noMweya Mutsvene muchechi imwe chete.

207 Uye, nhasi, mweya mimwe chete iri kushanda. “Vaine mufananidzo wohumwari, vachinamata zvikuru, asi vaine mufananidzo wohumwari asi vachiramba Simba racho; ibva kuvanhu vakadai.” Mweya Mutsvene, unoti, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Wosarudza divi ripi?

208 Antikristu anoti *Iri* rinongova bedzi bhuku rezvitendwa. “Tichadzokorora Chitendwa chavaApositora.” Ndinodenha muparidzi upi zvake kuti andiudze panowanikwa Chitendwa chavaApositora muBhaibheri: “Ndinotenda muna Mwari, Baba Samasimba, Musiki wematenga nyenika; Jesu Kristu, Mwanakomana waKe. Ndinotenda muChechi Tsvene yeRoma yechiKatorike, nekuyanana kwavasante.” Munozviona kupi izvozvo muBhaibheri? Uye zvakadaro munozvidzokorora

muchechi dzenyu hombe dzeMethodisti neBaptisti. Idzidziso yadhiyabhhorosi, uye vaporofita venhema ndivo vari kuidzidzisa.

209 Uye ndinotaraisira kuti handisi kudzimbira manzwiwo enyu, asi ndiri kuda kuti tabherinakeri ino inyatsozvinzwa. Imi vepano paBranham Tabernacle, ibvai kuzvinhu zvakadai. Chose chinotenda mukuyanana kwavasante ndezvemashavi. “Pane mumiririri mumwe chete pakati paMwari navanhu, ndiye Murume Jesu Kristu.” Handina basa kuti kunana Maria vangani!

210 Munoono here kuti mbeu yomudzimai kumashure uko kuti yakaita sei? Munoono here kuti mbeu yomudzimai kuti yakayambuka sei?

211 Tarisai nhasi, muno muAmerica. America imbeu yadhiyabhhorosi. Chii ichochi? Inyika yomudzimai. Makanzwa kuti, “Pasi rose inyika yomukadzi.” Ndizvozvo. Inyika yomukadzi. Ndivo vanoratidza patani yezvinhu.

212 Ndakaenda uku, nguva shoma yapfuura, muSwitzerland. Madzimai achiti . . . Mumwe mudzimai muduku, azere noMweya Mutsvene akati, “Munoziva, kana ndikaenda mhiri kuAmerica, vanoti madzimai vane rusununguko.”

213 Ini ndikati, “Rega ndikuudze kwazvinokusvitsa.” Ndokubva ndatanga kumuudza.

Iye akati, “O, zvinonzwisa tsitsi, handidi kana chimwe chaizvozvo.”

Ini ndikati, “Ndiko kwazvinosvitsa.”

Munoziva, havaiti zvinhu ikoko sezvavanoita kuno.

214 Chii ichochi? Regai ndikuratidzei kuti America mudzimai. Pamari dzedu dzesimbi pane mufananidzo wemudzimai. Zvinhu zvose muno mudzimai.

215 Ndiudzei, hapana mabhawa akawanda munyika, ane . . . Mukavaka mabhawa makumi mana muguta rino, uye mukaisa zvepfeve zvitatu, madzimai anoratidzika zvakanaka vachizvimonyorora vachidzika nomugwagwa; vanorashira mweya yakawanda kugehena, ichivachiva, kupfuura mabhawa ose amunenge mavaka muguta. Ndizvozvo chaizvo.

216 Ndiani zvino? Mudzimai. Mudzimai anombova chii? Ndimwari weAmerica.

217 Torai vamwe vevanotamba mumabhaisikopu; vanosimuka ipapo voroorwa runa kana rushanu, vachigara nevarume vatatu kana vana panguva imwe chete; uye mamwe emamagazini aya achivafumura nokutaura nezvavo, nokuvatora mifananidzo vasina kupfeka kunze uko. Uye imi vasikana vaduku munotora iyoyo semienzaniso yenyu, (nemhaka yei?) nokuti ndiamai vako, kana kuti pamwe, ndimbuya vako vakavapo usati wavapo.

Munoona kuti mbeu yenyoka iyi inoshanda pai? Zvirokwazvo, ndizvo zvairi.

218 Uye chii chayakaita? Uye kana kusarurama kuchishanyirwa kusvika zvizvarwa gumi nezvina, pasi pemurairo, ko kusarurama kungashanyirwa zvakadini muzuva rino, apo mbeu yevakarurama yava kutosvika pakushomeka? Uye Mwari wakati pachauya nguva, kana Akasadimburira basa iri, hapaizowana waisara. Tava panguva yokupedzisira. Tsvaga vakarurama manheru ano; pfuura nomumaguta!

219 O, unowana nhengo dzechechi dzakanyatsotendeka kumaBaptisti nemaPresbhatariyani, nevakadaro, sezvinogoneka. Asi havana chokuita naMwari sezvingangoita tsuro isina chokuita pakupfeka shangu dzechando. Havana chavanoziva pamusoro pazvo! Chavanongoziva bedzi...Uri Mukristu here? “Ndiri muKatorike.” Uri muKristu here? “Ndiri muBaptisti.” Uri muKristu here? “Ndiri muPresbhatariyani.” Uri muKristu here? “Ndiri muPentekosta.” Hazvina chokuita naZvo.

220 Uri muKristu nokuti Mwari, nenyasha dzaKe, anokuponesa. Uye unoziva neZvazvo. Uye chimwe chinhu chakashandura hupenyu hwako, zvokuti wave kurarama zvakasiyana. Uye wava munhu mutsva uye chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. Zvirokwazvo.

221 Asi munoona here pane mbeu yenyoka? Mbeu yenyoka yaiva chii? Hupombwe. Muri kuzvitevera here? Upombwe naEvha. Chii chakaitika kuna izvozvo? Chii chakaunza izvozvo? Zvakadini manheru ano?

222 Tarisai kumashure, makore mashoma apfuura, pakabuda rwiyo rwokutanga. Imi vanhu vakura, apo...Vaisimbopepeta nziyo dzinofanira kunzwikwa vasati vadzitendera kuti dziimbwe paredhiyo. Uye rwokutanga parwakabuda, rwaiva rwekuti, “Kwiridzirai, vasikana, kwiridzirai, muchiratidza mabvi enyu akanaka,” uye zvose saizvozvo. “Sekai baba namai, uye muvati vose ‘ha-ha-ha!’” Ndirwo rwekutanga rwavakarega rwuchibudiswa. Munofunga kuti muchinda akanyora rwiyo irworwo aripi manheru ano? Wakafa.

223 Munofungei pamusoro paClara Bow, uyo wakatanga kubuda achiti, *Makona ane Ngozi*; uye nevaibvisa mbatya vakarashira zvuru zvemweya kugehena? Munofunga kuti mudzimai uyu aripi manheru ano? Wakafa patova nenguva refu. Aripi zvino, nomuviri wake iwoyo? Wakarara kunze uko, akadyiwa muhuruva, uye makonye nehonye zvakaudya. Uye mweya wake uripo pamberi paMwari wakarurama.

224 Aripi murume akatora mukadzi ndokutanga kugadzira nhumbi dzinoratidzika zvakashata dzavanopfeka, nokuvasaidzirira vese kune rimwe divi nerimwezve, dzisingavakwani zvakanaka? Vakati, “Vanozvitiirei?”



Munopfekerei zvinhu zvakadaro?” Nokuti munoda kuti varume vakutarisei, uye hapana imwe nzira yokuzviratidza nayo.

225 Uye munoziva here kuti pamunodaro, uye mumwe mutadzi mutana akakutarisai, munoziva zvinenge zvaitika? PaMusu woKutongwa...Iwe unoti, “Hama Branham, ndakatendeka zvizere sokutendeka kumurume wangu.” Uchazoverengwa kuti une mhosva yokuita hupombwe. Jesu akati, “Wese anotarisa mudzimai kuti amuchive watoita hupombwe naye kare mumwoyo make.” Murume iyeye paanozofanira kupindurira kuita hupombwe, achanzi akazvikonzera ndiani? Mapfekero nemazviratidziro awakaita.

226 Zvino, handirevi kuti unofanira kupfeka sechimwe chinhu chakatorwa kubva mubhokisi rakare-kare. Asi, unogona kuratidzika somudzimai anoremekedzwa.

227 Uye unobuda panze apa wobvisa nhumbi, une zvikabudura zvipfupi-pfupi, uye wakasungirira ribhoni yakazvipoteredza sezvizvi; uye mwana wako aine maziso ake achiratidzika semunorashirwa madota emidzanga yefodya, iwe uine mudzanga mumuromo wako, uchifamba uchidzika nomugwagwa. Hauiti izvozvo kuitira chinangwa chakanaka. Unogona kunge usingazvizivi, asi chokwadi chaicho satani ari kukushandisa somudziyo sezvaakangoita Evha.

228 Sei ruri rudzi rwemukadzi? Nokuti rwakananga kundotongwa neChikatorike. Zvii zvachiri nhasi? Haumbobanzwi vachitaura kuti Jesu. “Kaziwai Maria! Maria, mai vaMwari! Musande Cecilia!” Mhando dzose dzavasante, vasante vose vakafa. Pano nguva shoma yapfuura, tichidzika...

229 Ndakanga ndiri zasi kuMexico, gore rapfuura. Pakauya mudzimai anonzwise tsitsi, achizvuvu makumbo. Mabvi ake, ose achizvuvuwa saizvozvi, uye asvuuka; achichema, akabata mavoko ake. Uye baba vachifamba, vakatakura vana vaduku vaviri, vaichema; amai vachirwadziwa saizvozvo; nokuti mumwe mudzimai, wavaiti musante, wakanga afa. Vakamisa chimupunzo chake kumusoro uko pagomo. Mumwe munhu waimuda wakamuuraya. Uye achangouraiwa saizvozvo, anotobva, ava musande; wakanga ari muKatorike. Saka saizvozvo akanga achifamba, achinotendeuka; uye waifanira kufamba namabvi mamaira maviri, napamusoro pamatombo, achiita kutendeuka.

230 Hama, kana paine chinhu chimwe chete chandinofanira kuita, Jesu Kristu wakafira pasina. Nyasha, ndakaponeswa; uye kwete ne—neni pachangu, asi nekuda kwaMwari, uye nekunaka kwaMwari.

231 Vanonyora mapepanhau vakandibvunza, vakati, “VaBranham...” Mu—mucheche uyu muduku wakanga afa, wanga amutswa kudzoka kuhupenyu, nezvimwe zvizhoma ipapo. MaKatorike zviuru makumi matatu...Kwete, ndapota

ruregerero. Zvakanga zviru zviuru makumi maviri. Zviuru makumi matatu kwaiva kuAfrica. Zviuru makumi maviri maKatorike zvakagamuchira Kristu seMuponesi wavo, panguva imwe chete, izvozvo pazvakaitika, ndakamiramo muMexico City. Uye vaprisita ivavo, havana chavaigona kutaura; vanga vakawandisa, zvaigona kutanga bongozozo. Vazhinjisa vanga vachitsigira. Saka akati, “VaBranham, munotenda here kuti vasande vedu vanogona kuita zvinhu zvimwe chete zvamunoita?”

<sup>232</sup> Ndichiziva dzidziso yavo, ndakati, “Zvechokwadi, kana vari vapenyu.” Maona? Saka, haugoni kuva musande wechiKatorike kusvikira wafa, munoziva.

Saka akati, “O, haugoni kuva musande kutosvikira wafa.”

<sup>233</sup> Ini ndikati, “Munozviverenga papi izvozvo? Pauro akati, ‘Kuvatsvene vari paEfeso,’ uye neavo vakadanwa naMwari. ‘Kuvatsvene vari paEfeso,’ akanga achiverenga tsamba yake; uye vatsvene vari pane dzimwe nzvimbo, paGaratia, uye— uye ‘vatsvene vari paRoma,’ nezvakadaro. *Vatsvene*, ‘Avo vakacheneswa.’ Toti chii pamusoro pezvizi?”

<sup>234</sup> Iye akati, “Nokuti, zvino, hatifaniri kupikisana neBhaibheri. Nokuti, tiri kereke, uye zvinotaurwa nechechi. Hatina basa nezvinotaura Bhaibheri. Ndezvinotaura chechi.” Akati, “Munoti kudini zvino nechechi yeKatorike?”

<sup>235</sup> Ndakati, “Ndinoshuva kuti dai musina kuvhunza izvozvo. Nokuda kokuti mandivhunza, uye ndichakuudzai Chokwadi.”

Akati, “Zvakanaka, ndinoda kuti mudiudze Chokwadi.”

Ndakati, “Ndezvemidzimu namashave zvakanyanyisa kupfuura zvandinoziva.”

Akati, “Munozvitora sei?”

<sup>236</sup> Ndakati, “Zvese zvine chekuita nekurevererwa nevakafa ndezvemudzimu namashave.” Ndakati, “Kana musande uyu akapindura, anenge ari kugehena. Nokuti, avo vakayambuka nzira, Bhaiheri rangu—rangu rinoti havakwanisi kudzoka.” Ndizvozvo. Uye ndakati, “Kana zvirizvo, kana anga ari musande; ndidhiyabhoru ari kutaura semusande, uye haasi musande, shure kwazvose.”

<sup>237</sup> Uye akati, “Uye, zvino, imbomirai kweminiti.” Akati, “mune kurevererwa kune vakafa, zvakare.”

Ndakati, “Kupi?”

Iye akati, “Jesu Kristu akafa.”

<sup>238</sup> Ndakati, “Asi akamuka zvakare. HaAna kufa. Asi Anorarama, kutimiririra, uyezve ndiye mumiririri oga pakati paMwari nevanhu.”

<sup>239</sup> “Ndini Ndakanga ndakafa, uye ndave mupenyu zvakare, uye ndiri mupenyu nekusingaperi. Ndine makiyi erufu

negehena.” “Uyo anoda, ngaauye akasununguka azonwa mvura dzeHupenyu.” Ini zvangu! NdiMwari wedu. NdiMwari wedu.

<sup>240</sup> Uye mbeu yevakarurama yavakuda kupera. Taurira vanhu pamusoro pezvinhu izvi. Taurira vanhu pamusoro pekudzokera kunzira dzeBhaibheri. Taurira vanhu pamusoro pemashura. Taurira vanhu pamusoro paizvozvo. “Chechi yavo haiZvitendi,” saka vana vehupombwe, kuna Mwari. Bhaibheri rinoti kana tisingakwanisi kutakura kutambudzwa, nekuedzwa, kuzvidzwa, nekunzi “vaumburuki vatsvene” nezvakadaro, saizvozvo; kana usingakwanisi kuzvitakura, muri vana voupombwe, uye hamusi vana vaMwari. Bhaibheri rakadaro.

<sup>241</sup> Ndidanei kuti “muumburuki mutsvene,” kana muchida. Ndidanei zvamunoda. Chero mwoyo wangu wakanaka naMwari, nezvandakapfuura nemazviri zvichienderana neBhaibheri raMwari, ndiri kufamba nenzira iyoyi. Hongu, changamire. Ndiwo Kereke yaMwari anorarama, isingauyi nedzidzo yebhaibheri. Haiuyi nekugadzira kwevanhu, nekufunga kwevanhu. Inouya zvamazvirokwazvo neChokwadi chakazarurwa chokuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari.

<sup>242</sup> Dai ndanga ndichingova nekunzwisisa bedzi kwepfungwa, nokuti chechi yeBaptisti kana kuti yeMethodisti yakandidzidzisa kuti *izvi-ne-izvi* zvinhu; pandinonzwa Bhaibheri iri, kana Bhaibheri. . . Dai ndakanga ndabhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene,” uye ndakaverenga Bhaibheri iri, uye pouya muparidzi ondiudza kuti hapana munhu muBhaibheri wakambobhabhatidzwa neimwe nzira kusiya kweZita raJesu Kristu, uye ini ndazviverenga nokuzviona kuti izvozvo iChokwadi, ndinomhanyira mumvura nokukurumidza kwese kwandinogona. Hongu, changamire.

<sup>243</sup> Kana munwe munhu aindiudza kuti—kuti Jesu Kristu mupodzi mukuru; uye chechi yangu yondiudza kuti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura,” uye ini ndichida kupodzwa; ndaibva ndamhanya nokukurumidza kwandinogona, kuaritari iyoyo, kuti ndipodzwe. Zvirokwazvo ndaidaro.

<sup>244</sup> Kana ndaiva muparidzi, uye paine mu—muparidzi wechikadzi mupurupiti yangu, uye ndainge ndaverenga muBhaibheri iroro ndoona kuti hapafaniri kuva nemudzimai anoparidza, ndaimubvisa ipapo, kunyange zvaikwatura ganda rangu kumusana.

<sup>245</sup> Uye rangarirai, ndakanga ndakagara shure uko kwakagara Hanzvadzi Wright, mamwe manheru, ipapo paiva nomudzimai wakanga achida kuzondikandira kunze napamukova kana ndaita chinhu chakafanana naichocho. Hongu, changamire. Ndakati, “Hamusi kuuya muchechi yangu muine zvenyu zvekare. . .” Pavaisipfeka, kana kuti pavaigura madhirezi avo zasi uku sezvizi, uye paine zvinoratidzika zvisiri izvo,

uye hafu yomutumbi wavo iri pachena. Ndakati, “Vakauya muchechi yangu, zvirokwazvo ndinovadzinga.” Uye mumwe musikana wechiduku nhunzvatunzva zasi uko, akafa munguva shoma yakatevera; uye akandidana, paakanga ava kufa. Waiva musikana wechiKatorike, wakafamba akauya ipapo akagara ipapo akapfeka izvozvo. Ndakatarisa kumashure ndokubva ndamuona, akagara ipapo, uye vakanga vachiimba. Ndakabvisa bhachi rangu, ndokufamba ndichienda shure ikoko, ndokubva ndamupfekedza bhachi iri nepamapendekete ake. Ndikati, “Medhemu, kana muchida kundinzwa ndichiparidza, ndapota mungapfekawo here bhachi iri pamunenge muri muchechi yaMwari.” Maona? Zvirokwazvo.

<sup>246</sup> Akakurumidza kubuda imomo, akafinyamisa miromo yake miduku. Akabuda muchivakwa ichocho. Akati, “Kana chiricho chinamoto chake ichi, handingambotenderi mhoyu yangu kuti iite manamatiro emhando iyoyo.”

Ndakati, “Musanetseka zvenyu, haizomboiti izvozvo.”

<sup>247</sup> Ipapo takanga tiine tende, vakandidana paakanga ava kufa. Mwoyo wake wakamira kushanda, uye zvino wanga ava kufa. Murume wake akauya. Iye, “Munogona here, kukurumidza kuuya!” Uye ndakanga ndiri musevhisi ipapo. Mukomana murefu, muhombwe, akanga akamira pamusuo, akandimirira. Ini ndakamhanya . . .

<sup>248</sup> Ndakapinda mumota yangu ndokumhanyira ikoko. Pandakanga ndava kukwidza, ndakasangana nanesi kunze ikoko, uyo anogara zasi kuHoward Park, nanhasi. Akati, “Reverend, hazvichabetseri kuti muuye.” Ava makore anenge makumi maviri apfuura, kana kuti pfuurei. Akati, “Watofa.” Akati, “Atofa pava nemaminitsi anenge matatu.” Akati, “Adanidzira zvakananyanya, achida imi.” Akati, “Ndine shoko renyu.”

Ndikati, “Chii?”

<sup>249</sup> Akati, “Udzai muparidzi uya, zviya zvandataura pamusoro pazvo, ‘Ndapota ndiregererei.’”

<sup>250</sup> Ndakadzika zasi ikoko kuti ndinomuona. Mudzimai akanaka; uye anga arwadziwa zvakananyanya. Anga ane mafinyamo pamhuno yake; mudzimai akanaka. Uye mafinyamo aya, akanga ava kuratidzika sokunge, azvimba. Uye maziso ake akanga abuda kunze kwemakomba, uye akanga akapidigurwa akatarisa shure. Uye, matumbu ake neitsvo dzake zvakanga zvakafamba-famba, uye paine kupwirititika pamubhedha pose, saizvozvo.

<sup>251</sup> Uye murume wake akanditarisa, akati, “Hama Branham, namatai, nokuti anga achida kukuonai.”

Ndikati, “Kumunamatira iko zvino hazvina zvazvichabatsira.”

252 “Kwakarerekera muti, ndiko kwaunowira.” Maona? “Musanyengerwa; Mwari haasekwi. Chose munhu chaanodyara, ndicho chaanokohwa.”

253 Munoono pazviri here? Zvino chii chakaitika? Tarisai mudzimai anogona kuita zvakadaro. Tarisai madzimai vakararama kareko, musikana anoita zvevakwaya mubhendi, mwanasikana wake wakazovei? Anopfeka zvakatsveyama. Ko anopfeka zvakatsveyama mwanasikana wake? Musikana wechidiki anova mutambi wemadhindindi emunyika. Ko mwanasikana waiyeye uchazovei? Hum! Chii ichocho?

Munoono mbeu yevakarurama?

254 Tarisai imi maBaptisti. Imbotarisai kumashure zvisoma. Dzokerai kuna John Smith, wakatanga chechi yenyu, imi maBaptisti. Apo, paakanamatira kusarurama kwevanhu, akasvika, paakachema nokunamatira vanhu kusvikira maziso ake azvimba akavhara, uye mudzimai wake waitomupa zvokudya patafura, kudya kwake kwamangwanani.

255 Nemi maMethodisti ari pano, makapfeka mhete pamhino nepanzeve dzenyu, muchiratidzika sokunge saduru dzokugarira dzadhiyabhorosi; muchibuda kunze, makapfeka zvikabudura, nezvinhu zvakaita saizvozvo! Apo, John Smith wekare, mumwe wavakuru vechechi yeMethodisti, asati afa ava nemakore makumi masere namashanu okuberekwa, akaparidza mharidzo pfupi yemakore mana...yemaawa mana. Vakatoita wekutakura ndokumumisa papurupiti. Uye ano ndiwo mashoko ake okupedzisira. Akati, “Ndinohundutswa zvakanyanya nemaitire echechi yeMethodisti.” Akati, “Kunyange vanasikana vechechi yeMethodisti vari kupfeka ringi dzendarama paminwe yavo.” Angazoti chii nhasi, vakapfeka zvikabudura, vichiimba mukwaya?

256 Maimhanya zvakanaka. Chii chakaitika? Mava kuita samai venyu. Ndizvo zvazviri chaizvo.

257 Ndicho chikonzero tisingadi kana rimwe ramasangano aya akatipoteredza, kana kuti zvakanyorwa apa, “Tiri maMethodisti. Tiri maBaptisti.” Tinongova vaKristu bedzi. Zvisiyei zvakadaro, mova vakasununguka.

258 Zvino, munoono here mbeu yenyoka? Mudzimai akaita saizvozvo chii chaangaita? Chii chaangaita? Chii? Vakaramba vachienda, vachidzika. Vakabvisa maBaptisti, vakabvisa maMethodisti, vakabvisa maPresbhatariyani. Chii chavakaita? Vose vakadzokera kwavakabva, samai vavo, chipfeve chekare. Hevano vavapo vese, vachiita hupfeve humwe chete. “Zvakanaka, hazvina musiyano wazvinopa. Vakany’udzwa. Vakasaswa. Vakauya, ivo, vakareurura. Vakatotopinda mumwedzi yavo mitanhatu yokusanwa; havana kunyanya kudhakwa panguva iyoyo, nezvakadaro. Vakava nhengo dzakanaka.

Vanobhadhara zvakanaka pa . . .” O, ini zvangu! Izvo hazvina chokuita nezvibereko zveMweya.

<sup>259</sup> Zvibereko zveMweya ndiko “kutenda,” kutenda Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi; “rudo” kuhama; “mufaro, rugare, kutsungirira, kunaka, kupfava, mwoyo murefu, hunyoro, kuzvidzora.” Ndizvo zvinhu izvo, zviru zvibereko zvoMweya.

<sup>260</sup> Uye tinotora munhu, “Zvakanaka, iye—iye anorarama hupenyu hwakanaka munharaunda.” Ndizvovo zvakaitwa naEsau.

<sup>261</sup> Esau haana waakakuvadza, asi Esau wakanga ari wadhuyabhorosi; asi Jakobo, wakabuda mumimba imwe chete, wakanga ari waMwari. Mbeu yadhuyabhorosi; mbeu yomudzimai, Mbeu yaMwari yakauya naimomo.

<sup>262</sup> Zvino, munoono here kuti, zvose zvadzika kusvika apa, kusvika pazvasiwa zviru munyika nhasi? Ndava kuzotaura izvi zvino zvakasimbarara kwazvo, kuitira kuti zvidzike, ipapo tichatanga rumutsiriro mushure mezvizi, musevhisi inotevera. Zvasvika pazvava nechimiro. Uye, ndapota, handisi kutaura izvi kuti ndizvidze. Handitauri izvi kuti ndive nemwoyo wakaoma. Zvasvika panzvimo, yokuti rava boka guru, revana veupombwe rinonamata. Ndiwo mashoko angu okupedzisira aya. Ndizvo chaizvo zvazvasvika pazviru. Munoziva kuti izvozvo ichokwadi. Zvasvika panzvimo yokuti kwangova kujoina chechi nokungova nhengo dzechechi, “Vaine mufananidzo bedzi wehumwari, vachiramba Simba rahwo,” kusvikira rangova boka revana vehupombwe, vanonamata. Ndizvo chaizvo zvazviru.

<sup>263</sup> Chii chasara chinotevera? Pane chitundumutseremutserere chakamirira uku, zvakati wandei, mabhombu ecobalt nezvimwe zvose. Vakangomirira kuti nguva iyoyo isvike. Zvino panozova nekuparadzwa nemoto, sezvazvakangoita pakwakauya nemvura.

<sup>264</sup> Uye, shamwari, hazvinei kuti chii chaunoita, kana uri Mukristu uye uina Mwari mumwoyo wako, uye uchiziva kuti wakabva kurufu ukauya kuHupenyu, unofanira kuva ndiwe munhu anofarisisa pasi rose. Kana Mweya Mutsvene uri mauri . . .

<sup>265</sup> Kana, Bhaibheri rakati, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

<sup>266</sup> Masangano anoti, “Asi tinotenda kuti mashura akapera.”

<sup>267</sup> Mweya Mutsvene unoti, “Ameni. Jesu Kristu mumwe chete zuro, uye nokusingaperi. Saka ngazvive saizvozvo.”

<sup>268</sup> Kana Bhaibheri rakati, “Tendeukai, mubhabhatidzwe mumwe nomumwe wenyu muZita raJesu Kristu kuti zvivi zvenyu zvirererwe, muchagamuchira Mweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeyenyu, nevana venyu, kuVatorwa, nevose

vari kure, vose avo Ishe Mwari wedu—vose avo Ishe Mwari wedu vaachadana.” Maona? (Kwete, “vose avo vachadanwa nemaMethodisti, vachadanwa nemaBaptisti.”) Asi, “Vose avo Ishe Mwari wedu vaachadana, ndivo vachagamuchira Mweya Mutsvene uyu, uye vabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.” Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri.

Kana izvo zvakurova, unoti, “Ameni.”

Chechi yakati, “O hazvina siyano yazvinoita.”

269 Asi Mweya Mutsvene uyu uri mauri, unoti, “ameni” kuShoko raKe. “Munhu haangarami nechingwa bedzi, asi neShoko rinobuda mumuromo maMwari.” Hezvoka.

270 Ndinoda kuti mundiratidze Gwaro rimwe chete rinoti apurosi ndiro rakatangisa zvinhu izvi kuti zvifambe zvino. Ndinoda kuti mundiratidze pvakadya maapurosi. Ndakuratidzai apo Kaini akafunga zvimwe chete, uye mbeu yake paichiri kufunga zvimwe chetezvo.

271 Asi chizaruro choMweya chaMwari chinozviratidza, neBhaibheri, kuti kwaiva kusangana pakati pomurume nomudzimai, zvisiri pamutemo. Apa ndipo pakabva hofori dzenyu. Apa ndipo pakabva chivi chenyu. Apa ndipo pakabva kuora kwenyu. Ndipo pazvakabva zvichidzika.

272 Zvino cherechedzai mune izvi—izvi zvose, tarisai, nyo—nyoka yakanga yakachenjera kakapetwa kaviri. Mbeu yake yakagara yakachenjera kakapetwa kaviri. Uye ndinoda kuti ndikwire papurupiti ino ndobata maikorofoni iyi muruvoko rwangu, [Hama Branham vanofambisa maikorofoni—Mupepeti.], uye ndoisa tsoka dzangu pamusoro pepurupiti, ndigotaura izvi. Uye, nhasi, vari kupiko venyu vakuru venjere? Mufundisi wenyu wakaenda zasi uko akandopiwa zivo venjere, zvino anomira, ndiye mufundisi wechechi huru dziri munyika, nezvakadaro saizvozvo. Mbeu yenyoka inomira papi? Munzvimbo dzeuchenjeri dzakaita saidzodzo; vakachenjera, vadzidzi vakangwarisa. Ipapo ndipo pairi. Ndipo payakagara.

273 “Hazvisi zvesimba, hazvisi zvemutsimba, asi ndezvoMweya waNgu, ndizvo zvinotaura Ishe.” Maona? Ipapo ndipo . . .

274 Ipapo munogona kutora hama duku yakamira zasi uko pakona, ichichema kusvika maziso abuda, uye pamwe akamira zasi uko achikwenya gitari rachembera, achiti, “Hama, huya, uzowana Ishe!”

275 Mufundisi anouya, oti, “He! Haana kugona kukwezva ungoro yangu. . . Nemhaka yei, handigoni kuyanana, handingambotenderi vangu. . . handingambotenderi Liddy naJohnny nevamwe kuti vandione ndakamira panzvimbo yakaita saiyo.” Endererai mberi, mbeu yadhiahborosi, makananga kwamunondoparadzwa zveZianda nakuenda, zvakadaro. Ndizvozvo. Ndingadai ndataura rimwe shoko ipapo,

uye ndati “vana vohupombwe,” uye ndizvo zvazvinotova. Nokuti, munoono, imi. . .

<sup>276</sup> “Hapana anogona kuuya kwaNdiri kusiya kokunge Baba vaNgu vamudana. Uye vose vanouya kwaNdiri, ndichavamutsa muzuva rokupedzisira. Hapana kana mumwe wavo acharashika. Ndinazvo. Ndichazvichengeta. Hapana munhu anogona kuzviita, kunze kweIri.”

<sup>277</sup> Zvose zviri maAri. Haugoni kuti, “Ndakaita chinhu chimwe chete.” Inyasha dzaMwari dzakazviita zvose. Saka, hazvisi zvandakaita. Handina chandakaita; iwe hauna, zvakarewo. Hauna kana chimwe chawakakodzera. Mwari ndiye akaita chimwe nechimwe chazvo. Hauna kana kumbofambisa munwe wako kuitira chikamu chimwe chazvo. Hauna kumboti, “Zvakanaka, ndakabva mumhuri yakanaka. Ndakaita *izvi*.” Hazvina kana chimwe chete chokuita nezvazvo. Mwari Ndiye Akazviita; tsitsi dzaMwari.

<sup>278</sup> Ndine hurombo zvino, haisati yanyatsokwana nguva yegumi neimwe asi zvakadaro, ndava kuvhara. Maona?

<sup>279</sup> Vangani vanonzwisisa kuti Bhaibheri rinotaura pamusoro pezvinhu izvi kuti ichokwadi; kunyanya, imi vanhu vepaBranham Tabhenakeri? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, izvi chinenge chikamu chimwe muzvikamu gumi nezvitanhatu zvezvatinodzidzisa nokutenda. Asi, rangarirai, kunemi vaenzi, ndoda kutaura izvi, kunemi vanhu vasiri nhengo pano. Matendero atinoita izvi, kuti *Iri* iBhaibheri, uye Bhaibheri iChokwadi chaMwari.

<sup>280</sup> Uye tinotenda, kuti, muTestamente Yekare, zvino, vaiva nenzira yavaiziva nayo kuti chokwadi ndechipi uye nechakanga chisiri chokwadi.

<sup>281</sup> Zvino, tinoziva tose kuti vakanga vaine murairo wakanyorwa. Vangani vanozviziva izvozvo? Murairo, mi—mitemo yaiva muareka, nemakadaro; zvakanaka, uye mutemo pamirairo. Wakati, “Usaita hupombwe. Wose aiita hupombwe aitakwa namatombo.” Maona? Ndiwo mu—murairo, uye mutemo pamurairo. Zvino, areka yakanga iripo yakagara *sezvizvi*; mirairo yakanga irimo mukati, uye mitemo yemirairo yaiva muhomwe dziri pamativi eareka. Kana munhu aiuya ipapo, aita hupombwe; aitora imomo oona zvaitaura murairo, “mutakei nematombo.” Vaibuda naye kunze vondomutaka namatombo. Ndiwo mutemo wakanga uripo pamurairo.

<sup>282</sup> Zvino vaiva nedzimwe nzira mbiri zvakare dzokuziva nadzo. Panogara pachingova nezvitatu, sechisimbiso. Vaiva neimwe nzira yokuziva nayo, uye yaiva nzira yomuporofita kana kuti yomuroti. Vangani vanozviziva izvozvo? “Kana paine mumwe pakati penyu womweya, kana muporofita, ini Ishe ndichaZviratidza kwaari muzviroto, nokutaura naye muzviratidzo.” Zvakanaka. Zvino, waiva muporofita.



283 Zvino, kana munhu aiuya, akati, “O, hareruya, ndava nazvo! Ndava kuporofita zvino muZita raShe. Ndava nechizaruro.” Havaingozvisiya zvichienda saizvozvo, sezvamunoita imi vanhu. Vaizvivheneka naMwari, kutanga.

284 Zvino, pachidzitiro chechifuva chaAroni vane chavaiti Urimi Tumimi. Vangani vakambonzwa shoko iroro? Chaiva chii? Akanga ari matombo gumi nemaviri, matanhatu ari kudivi rimwe nerimwe, zvevakuru gumi nevaviri; jasiperi, Judha, uye saizvozvo, uye tichidzika, matombo gumi nemaviri. Uye zvino vaitora muporofita uyu, kana kuti muroti, uye wosimudza chidzitiro chechifuva ichi, vomumisa uyu ipapo. Zvino vaiti, “Zvino chiporofita nokutaura chiporofita chako.”

“Ishe vakataura neni vakati zvakati—zvikati.”

285 Chero izvi zvairatidzika kunge zvamazvirokwazvo zvakadini, zvichinzwika sokunge chokwadi chakanyatsokwana; asi kana zviedza izvo zvakanga zvisingaangani zvichiumba ruvara rwemuraravungu ipapo, Urimi Tumimi, zviedza izvi zvichiungana pamwe chete, zvichishanda zvepamweya, zvichitsigira. Munooni, Mwari wakagara achingosimbisa Shoko raKe. Maona? Uye kana zviedza zvepamweya izvi zvaisapenya ipapo, handina basa nokuti zvairatidzika sezvamazvirokwazvo zvakadini, zvakanga zviri zvepanyepo.

286 Kana muroti aiti, “Ndakarota chiroto, uye chiroto ichi chakati, ‘Israeri ngaitame iende kune imwe nzvimbo, nokuti VaSiriya vachauya kuzoikomba nedivi *iri*.’” Vaitora muroti vodzika naye ikoko; otaura chiroto chake. Kana zviedza izvi zvaitadza kupenya ipapo, wakanga ataura manyepo, hazvina mhaka kuti... Kunyange dai vaSiriya vainge vatogadzirira hondo vakagara ikoko, wainge ataura zvisizvo. Kwete, changamire. Ivo, zvaitofanira kutsigirwa neUrimi Tumimi, zvachose.

287 Zvino munhu wose anoziva kuti huprisita hwekare hwakapfuura, hwakabviswa, uye Urimi Tumimi yakaenda nahwo. Tinozviziva izvozvo, handizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

288 Uye huprisita hutsva hwakanga hwapinda. Chii? Tine Urimi Tumimi here nhasi? Hongu, changamire. Shoko raMwari! Hongu, changamire. *Iri* ndiro. Kana munhu upi zvake aine mhando ipi zvayo yechizaruro, kana kuti aine zvokutaura, kana dzidziso ipi zvayo isingaenderani uye ne... uye isingawirirani neBhaibheri iri, muMagwaro ose, ari kukanganisa. Handina basa kuti ndewesanganano ripi, kana kuti wakanaka zvakadini, wakachenjera zvakadini, wakadzidza zvakadini; ari kukanganisa.

289 Uye kana munhu upi zvake akakuudzai zvinhu izvi, zvati kutidzidziswa zvino muchechi, uye akakuudzai, kuti, “Mukasaswa, zvakangonaka,” akunyepera. Hazvipi

chiedza chinopenya paUrimi Tumimi. Kana akakuudzai, kuti, “Kudira kwakangonaka,” akunyeperai. Akakuudzai kuti, “Kubhabhatidzwa muzita ra ‘Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,’ zvose zvakangonaka,” akunyeperai. Kana akakuudzai, “Mazuva ezvishamiso akapfuura,” akunyeperai. Kana akakutaurirai kuti, “Zvakanaka kuti madzimai aparidze,” akunyeperai. Kana akakuudzai kuti, “Zvakanaka kuti muenderere mberi makabatana nesangano renyu,” akunyeperai. Hazvipenyi paUrimi Tumimi. Uye nemadhazeni ezvinhu zvakabuda, mu “AMAI CHIPFEVE,” vachembera uye tichidzika, uye ndicho chikonzero tichigara kure nesangano.

<sup>290</sup> Tinoda hama nehanzvadzi dzedu dziri mumasangano ayo kunze uko. Asi hauendi, uchiti, “Ndiri muMethodisti,” ugoti kwandiri, zvingakuita Mukristu. Uri muKristu nokuti wakazvarwa noMweya waMwari. Haufaniri kuva muMethodisti kana kuti muBaptisti. Haufaniri kuva chimwe chaizvozvo. Unofanira bedzi kungozvarwa noMweya waMwari. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>291</sup> Pamusoro penheyo iyi, kana paine mumwe pano anoda kushanda nesu nokupinda mukuyanana kokushumira uku, uye achida—achida kunyn’udzwa mumvura, achibhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, herinoi dziva racho. Vachabhabhatidza, muminiti inotevera.

<sup>292</sup> Kana aripo mumwe, vazhinji pano, wose zvake anoda kuuya, neimwe nzira ipi zvayo? Tiri pano. Ndizvozvo.

<sup>293</sup> Zvino, isu—isu hatina nhengo dzakanyorwa; unongouya chete pano pachechi. Tinotenda kuti Kristu ari muchechi yeMethodisti, chechi yeBaptisti, chechi yePresbhatariyani. Ane nhengo mune imwe neimwe yadzo. Uye chiri kushaikwa, nhasi; chiporofita chenhema chinounza zvinhu izvozvo, dzidziso dzechechi idzodzo, dzinonyatsopesana neBhaibheri zvizere.

<sup>294</sup> Zvino, kana mumwe munhu akajekesa Izvo kwandiri, zvirokwazvo handingambozvipinzi. . . Ndinotenda kuti ndine Mweya waMwari mandiri wakakwana, wokunzvera Bhaibheri iroro nokudzoka ndichizovigadzirisira. Kana ndaingosimuka ndokwazisana nomuparidzi, nokuisa zita rangu pabhuku, asi ndichine ruvengo nemanzwiwo asina ushamwari mumwoyo mangu, uye ndichine godo negakava, uye ndisingatendi Jesu Kristu kuti ndiye mupodzi mukuru, uye nezvakadaro saizvozvo, ndinofanira kuenda ndonozvigadzirisira naMwari, nokukurumidza. Zvirokwazvo ndinotenda kuti ndingadaro. Ndi—ndingafanira kuva ndakatendeka pamusoro paizvozvo. Ndingaenda ndonogadzirisira naMwari. Kana ndaingomira pakuti ndiri muBaptisti kana kuti muMethodisti, ndaitofanira kuenda ndova neChikristu mumwoyo mangu. Ndingatodaro. Hongu, changamire.

295 Zvino rangarirai rumutsiriro rwuri kuuya, urwo ruchatanga, Ishe vachida, manheru eChitatu ari kuuya awa. Ruri pamusoro penheyo idzodzi.

296 Tererai, shamwari, kuna Mwari wechokwadi uye mupenyu. Ndizvozvo. Jesu Kristu ndiye Mwanakomana waMwari. Mweya Mutsvene uri muchechi nhasi.

297 Zvino, kana ndaingova nemumwe munhu waindiudza izvozvo, ndaisara ndine kodzero yekuzvipokana. Asi, tererai. Rimwe zuva nguva iya, ndichiri mukomana muduku, ndakanga ndakamira pasi pomuti; ndakaMuona. NdakaMunzwa. Akandiudza, akati, “Gara kure namadzimai anorarama zvhutsvina awa. Gara kure nefodya. Gara kure nokutuka, kunwa, nezvinhu izvi zvose. Ndine basa rokuti uite kana wakura.” Ndinoziva kuti Iye ndowamazvirokwazvo, Mwari mupenyu anomira neShoko raKe.

298 Pandakanga ndati kurei, Akasangana neni zvakadini, Akataura neni zvakadini! NdakaMuona zvakadini nguva iyoyo, segwenzi rinopfuta, uye Moto uchifamba uchitenderera ipapo! NdakaMuona zvakadini achitaura nokureva nomazvo chaimo zvaizoitika; uye, nguva dzose, aizvidoma zvakanyatsonanga, zvakakwana saizvozvo.

299 Mumwe chete iyeye anotaura zvinhu zvakakwana saizvozvo, ndiye Mumwe chete Uyo anondifemera kuti ndidzidzise Bhaibheri nenzira chaiyo yandinoRidzidzisa nayo. Ndizvozvo. Saka, Zvinobva kuna Mwari. Kwandiri, ndiMwari Samasimba, uye Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

300 Jesu akati, “Ndakabva kuna Baba, uye Ndinodzokera kuna Baba.” PaAkauya. . .

301 PaAkanga ari Mwari murenje, Waiva Chiedza chaipfuta. Uye vangani vanozviziva izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Waiva Chiedza chaipfuta, Shongwe yoMoto.

302 Uye Akauya pano panyika uye Akati, “Ndakabva kuna Baba, uye Ndinoenda. . .Ndakabva kuna Mwari, uye ndinodzokera kuna Mwari.”

303 PaAkafa, akavigwa, akamukazve, uye Pauro ari munzira yake kuenda kuDhamasiko wakasangana naYe zvakare, wakanga Ari chii? [Mumwe munhu anoti, “Shongwe yoMoto.”—Mupepeti.] Akanga achiri Shongwe yoMoto. Hongu, changamire.

304 Chii chaAkaita paakanga ari pano panyika? Chii chaAkaita paAkasangana naPauro? Akamutuma sei? Akamutuma kumuporofita akamuudza kuti anofanira kubhabhatidzwa sei, akamuudza zvaifanira kuita; akaisa mavoko ake pamusoro pake akamupodza, akamuudza kuti wakanga aona chiratidzo.

305 Jesu mumwe chete iyeye ari pano nhasi, achiita zvinhu zvimwe chete izvozvo, uye ichiri Shongwe yoMoto, ichidzidzisa

zvimwe chete izvozo, uye nokusimbisa neShoko raKe, nezvishamiso nezviratidzo. Ndinofara zvikuru kuti ndiri Mukristu, handizivi zvokuita. Ndinofara kuti iwe uri Mukristu.

<sup>306</sup> Uye imi, tabherinakeri yepano, ndakakuudzai kuti tichashandura zita rayo. Hazvina kunaka kuti inzi Branham Tabhenakeri. Anongova munhu bedzi uyu, munoona. Tiri kuzoshandura zita rayo, toipa rimwe zita. Tichasvika pana izvozo, mushure mechinguva. Ndinoda kuti ive che—chechi yaMwari mupenyu. Handidi kuti inzi Methodisti, Baptisti, Presbhatariyani, Pantekosta. Ini . . .

<sup>307</sup> Vanhu vose avo, ndinovada nomwoyo wangu wose. Handizivi kuti uyu ndiani. Handingakuudzei. Ndinongofanira bedzi kuparidza Shoko. Ndinongokandira rutava ndorudhonza. Mune matatya, mune madandemutande emumvura, uye mune nyoka, uye zvakare, mune hove. Izvo zviri kuna Mwari kutora sarudzo pana izvozo. Ini ndinongodhonza rutava, ndinongoparidza Shoko uye ndodhonza, uye ndoti, “Hevanoi, Ishe, vose vari paaritari. Imi munoziva veNyu Chaivo; Makavaziva kubvira pakuvambwa kwenheyo. Ini handizivi kuti uyu ndiani. Imi munoziva, saka zviri kwaMuri, Ishe. Uku ndiko kukwanisa kwangu kose. Ndava kuzoenda uko ndonoraura pane imwe nzvimbo zvino, ndipinze rimwe boka mukati. Ndizvo chete zvandinogona kuita.” Zvakanaka.

O, ndinonzwa kuenderera mberi,  
 Ndinonzwa kuenderera mberi;  
 Musha wangu wokuDenga unopenya  
 nokunaka,  
 Uye ndinonzwa kuenderera mberi.

<sup>308</sup> Zvino rangarirai, wose anoda nguva dzokuti tionane, ingofonerai VaMercier pano: BUTler 2-1519. Tichafara kukuonai. Kana vadikanwa venyu vakauya, muchifanira kukurumidza kubuda munguva yerumutsiriro . . . Zvino ndiri kuenda, kubva manheru ano, kuti ndive ndega, ndichaenda mazuva maviri zvino, ndive pachangu.

<sup>309</sup> Ndinoenda ikoko ndonoverenga, sezvizvi, “Ishe, Ndimi muri pedyo neni. Ndinoziva kuti Muri pano. Uye Shoko reNyu rakati Imi munoswedera kune avo vanoswedera pedyo neMi.” Ndinoramba ndichinamata ndichimirira kusvikira ndaona Shongwe yoMoto yatanga kufamba. Ndinoziva kuti nguva yakwana zvino. Ipapo ndinofamba ndoenda papuratifomu musevhisi yokupodza, kundonamata, nokuita zvandinogona kuita kubatsira vanorwara nevanodzimbikana.

<sup>310</sup> Tinoyemura mutsa wenyu wose zvino. Uye mukauya, huyai muchitenda, uye tintarisira kuva nemitingi huru. Ndinoda kutaura kuti . . .

311 Hama Jeffries, vari pano manheru ano here? Tinoda kuremekedza Hama Jeffries nebasa ravo. Ndinofungidzira kuti vadzokera kuzvitsuwa, nekwakadaro.

312 Tine mufaro kuona Hama neHanzvadzi Wright, nevazhinji venyu vanhu pano.

313 Uye ndamboona gweta Robertson pano, nguva shoma yapfuura, vachipinda munguva shoma yapfuura. Ndanga ndichida kuvakorokotedza pa—pamharidzo yavo yavakapa mumwe musi. Hapana akataura kuti ndiani akanga aita izvozvo. Zvinonyadzisa. Vakapa Shoko rakanaka pakuporofita, zvimwe zvinhu zvakafanana nezvandanga ndichiparidza manheru ano.

314 Uye, saka, panga paine mumwe mushumiri mangwanani ano, kana kuti manheru apfuura, Hama Smith, vanobva kuchechi yeMethodisti. . . kana kuti kubva kuChurch of God, kuno uku. Handizivi kana vari pano manheru ano, kana kuti kwete. Kana uchimbomira papuripiti ino uchitarisa zvichienda kumashure nedivi iri, zvakati omei kuti ukwanise kunyatsoona; kwakangoti chechetere, munoona, saka zvinonetsa kunyatsoona. Kana muri muno, Hama Smith, tinokuremekedzai.

315 Uye havasi ava here, vakagara imo muno, hama duku iyi inobva kuGeorgia, kumashure uku vakagara pedo naHama Collins? [Hama Neville vanoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Hama, tine mufaro kukuonai muri kumusoro kuno zvakare manheru ano.

316 Uye imi mose, imi mose, mumwe nomumwe wenyu anoziva kuti uyu ndiani.

317 Ndinotenda kuti iyi ndiyo hanzvadzi nehama vari pano vakaenda vakandonamatira musikana uya nguva iya, pano apa, chiremba vakagara kudivi uku. Ishe vakuropafadzei, chiremba.

318 Zvino, ndapota musandigumbukira, imi vashumiri nehama, nemasimbisiro andaita izvi zvakaomarara sokuomarara kwandinogona kuita. Ino itabhenakeri yedu. Ndizvo zvatinomira nazvo, uye tinoda kunyatsoZviisa paShoko iroro, nokuvazunza naRo. Zvino, kana ukabuda mumutsetse, tinodzoka toti, “Unoziva zviri nani. Hezvinoi Izvi zviri patepi.” Maona? Hezvinoi. Hezvinoi Izvi zviri patepi.”

319 Tine zvakawanda zvaifanira kuenda ipapo, Leo. Asi, asi isu . . . Mawana izvozvo. Garai naIzvozvo, uye tichawana zvimwe zvaCho zvose mushure mechinguva. Sezvakaita murume, waidya nwiwa, akati, “Ranga richinyatsonaka, asi pachine rimwe raro.” Saka tichine zvimwe zvizhinji zvaCho, zvinofanira kuuya, zvakadaro.

320 Ishe vakuropafadzei, zvakanyatsonaka zvino. Apo isu . . . Tava kuzoitira sevhisi yokubhabhatidza zvino uno. Ndizvozvo here, Hama Neville? [Hama Neville vanoti, “Hongu, ndinotenda kudaro.”—Mupepeti.] Aripo here mumwe muno anoda kubhabhatidzwa izvozvi? Hatina basa nokuti ndiwe ani; tiripo—

tiripo kubhabhatidza. Simudzai mavoko enyu, avo vanoda kubhabhatidzwa. Mumwe munhu, ndinotenda kuti waiva... Heunoi mudzimai ari pano. Uye pava nomumwezve here? Zvino, tine nhumbi dzevarume nedzemadzimai.

<sup>321</sup> Zvino, hatisi kuti, “Ibvai muhechi yeBaptisti. Ibvai muhechi yeMethodisti.” Hatisi kudaro. Enda udzokere kuchechi yako. Asi kana usati wabhabhatidzwa zvinoenderana naMagwaro, muZita raIshe Jesu...Kwete muZita ra “Jesu” chete, zvino. MuZita ra “Ishe Jesu Kristu,” ndiro Gwaro iro. Wakabhabhatidzwa zvisiri izvo.

<sup>322</sup> Handidi dambudziko pandinosvika parwizi. Ndinoda kuti zvose zvinge zvakajeka sokuziva kwandinoita kose, pandinenge ndakabata tikiti iroro, munoono, nokuti ndinoda kupinda panguva iyoyo. Ndinokupanga zano rokuti uite zvimwe chetezvo.

<sup>323</sup> Dzokera kuchechi yako. Zviripo, pakati pako iwe naMwari. Ndizvo chete zvandinogona kukuudza.

<sup>324</sup> Asi hakuna kana munhu mumwe chete muMagwaro wakambobhabhatidzwa neimwe nzira kusiya kwemuZita ra “Ishe Jesu Kristu.” Uye avo vakabhabhatidzwa, vakarairwa naPauro Mutsvene, uyo akati, “Kana Mutumwa akaparidza chimwe chipi zvacho, ngaave wakatukwa.” Akavaraira kuti vauye vabhabhatidzwe, zvakare, muZita ra “Ishe Jesu Kristu.” Ndizvozvo. Uye akadaro. Uye zvaakaita, akatituma kuti tiite saizvozvo; ndizvo zvatichaita, Mwari vachida.

Tinotenda mukugezana tsoka. Tinotenda muchirairo.

<sup>325</sup> Tinotenda muKuuya kwechipiri kwaKristu, achionekwa, mumutumbi waShe; kwete Mweya, asi mutumbi waIshe Jesu uchiuyazve mukubwinya.

<sup>326</sup> Tinotenda mukumuka kwemutumbi kwevakafa, kuti vagamuchire mutumbi, kwete wachembera wakaunyana sewatinopinda nawo muguva; asi mutsva, uri mukupenya kwehujaya nehumhandara, kuti tirarame nekusingaperi.

<sup>327</sup> Tinotenda mukusafa kwemunhu wemukati, zvachose. Tinotenda kuti kune mhando imwe chete yoHupenyu Husingaperi, uye Hupenyu ihwohwo ndihwo hwaunowana kubva kuna Kristu Jesu. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>328</sup> Nokudaro, hatitendi mukurangwa kweZienda nakuenda. Tinotenda kuti kune moto wegehena, safuri inobvira, asi hatitendi kuti inobvira zvokusingaperi; kana ikadaro, wava noHupenyu Husingaperi. Pane Hupenyu Husingaperi humwe chete; Uhwo hunobva kuna Mwari. Uye ndizvozvo. Uchatsva, pamwe kwemiriyoni yamakore, mamiriyoni gumi amakore, handizivi, asi haungavi noHupenyu Husingaperi. Haungatsvi nokusingaperi...Unogona kutsva nokusingaperi, asi kwete zveZienda nakuenda. Munoono, pane mutsauko pakati peZienda

nakuenda uye nanokusingaperi. *Nokusingaperi* inokusingaperi nanokusingaperi, inzwi rinobatanidza, rinoreva “mukana wenguva.” Asi, Zienda nakuenda, haugoni kuva nokurangwa kweZienda nakuenda.

<sup>329</sup> Une Hupenyu Husingaperi, nokuti pane mhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi. Uye uyo ane Hupenyu Husingaperi, anorarama uye akaropafadzwa naMwari nokusingaperi.

<sup>330</sup> “Asi mweya unotadza, mweya iwoyo ucha...” Sei? [Ungano inoti, “. . . uchafa.”—Mupepeti.] Ndizvozvo. Saka, hauna Hupenyu hweZienda nakuenda. Zvirokwazvo. Une—une kurangwa, asi hauna Hupenyu hweZienda nakuenda.

<sup>331</sup> Saka, munoono, pachine zvinhu zvakawanda zvinofanira kudzidziswa, zvatichatora mushure. Ishe akuropafadzei.

<sup>332</sup> Zvino ngatiimbei rwiyo urwu rwekare rwakanaka, apo hanzvadzi yedu ichipinda mukati umu. Ndinotenda kuti mudzimai anoremekedzwa uyu ari pano anga . . .

<sup>333</sup> Rosella, avo ndaamai vako here? [Hanzvadzi Rosella vanoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Seiko, mwoyo wenyu ngauropafadze! Ndine mufaro kukuonai, hanzvadzi, muchiita izvozvo. Izvozvo zvakaisvonaka.

<sup>334</sup> Rosella Griffith, mumwe weshamwari dzedu dzakaisvonaka dzatakava nadzo. Mudzimai wechiduku wakanga ari chidhakwa chaicho; kwamuri vamwe vanhu vari pano, angangova munhu mutsva. Rosella haana basa nazvo kuti ndizvitaure izvi. Paakauya papuratifomu kumusoro uko pa—pa. . . kumusoro uko muIndiana. Wati wamboona munhu wakapata, wakanga ari mumwe wavo, chidhakwa chamakoko. Uko, vanachiremba vana vakuru vomuChicago vakati iye. . . Vesangano rinoshanda muchivande kubatsira Zvidhakwa kurega doro, nevamwe vose, vakanga vatomutadza. Asi husiku humwe chete paakauya musevhisi, Mweya Mutsvene wakazarura hupenyu hwake ndokumuudza ipapo. Ndipo pazvakaperera.

<sup>335</sup> Mutarisei zvino, ndinofungidzira, ane makore anopfuura makumi matatu, angangokodzera kunzi ane makore gumi nemasere; mudzimai muduku akanaka, anoyevedza. Haana kuzomboravirazve hwahwa kubvira ipapo; haasisina chishuwo chahwo. Wava kuraramira Kristu, achifamba mumigwagwa achitenderera, kose-kose, achipupurira kubwinya kwaMwari, kuvatadzi nezvidhakwa, nomumikoto, nekose, muChicago, achiwana zvaari kuitira Ishe.

<sup>336</sup> Akabhabhatidzwa muZita raIshe Jesu, uye amai vake vauya manheru ano kuti vaitewo saizvozvo; kana Mwari akagona kumupodza, kana Jesu akagona kumupodza. . . “Zvose zvamunoita mushoko kana mukuita, itai zvose muZita ra. . .” [Ungano inoti, “Jesu Kristu.”—Mupepeti.] Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Ndizvozvo.

<sup>337</sup> Zvakanaka, zvino tava kuzoita sevhisi yokubhabhatidza. Tichambodzima magetsi zvino kwemaminitsi mashoma tichigadzirira sevhisi, kuti tibhabhatidzwe, uye—uye tinotarisirira nguva yakanaka munaShe.

<sup>338</sup> Ndimi muchaita here sevhisi yokubhabhatidza manheru ano? Zvakanaka, zviri nani imi—zviri nani imi mugadzirire. Uye ini ndichatanga, ndichitungamirira nziyo nezvimwe patinenge tichienderera mberi zvino. Apo pavanenge vachiita . . . [Hama Neville vanoti, “Pane nhumbi here dziriko seri uku, Doc?”—Mupepeti.] Nhumbi dzokubhabhatidza nadzo, Doc, kurumidza. Zvakanaka.

<sup>339</sup> Ngatiimbei imwe yedzakanaka dzekare idzi . . . [Hama Branham vanotungamirira vungano mukuimba, apo Hama Neville vachibhabhatidza hanzvadzi—Mupepeti.]

<sup>340</sup> [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.] Uye kusvikira taita izvozvo, tava kubuda, tinofanira kuita chii?

Ngatitorei Zita raJesu tiende naro,  
Tichiwira pasi patsoka dzaKe,  
Mambo wamadzimambo muDenga,  
tichaMupfekedza korona,  
Rwendo rwedu parwunenge rwapera.

Zvakanaka, tisimuke netsoka dzedu!

Tora Zita raJesu uende naro,  
Mwana wokusuwa nokutambudzika;  
Richakupa mufaro nenyaradzo . . .

<sup>341</sup> Ndichakuudza zvatnofanira kuita. Tendeuka ukwazisane mavoko nemumwe munhu ipapo, umuti, “Makadini, hama? Ndine mufaro zvechokwadi kuva nemi musevhisi.”

Zita rinokosha, o rinotapira sei!  
. . . uye mufaro weDenga;  
Zita rinokosha, Zita rinokosha, O . . .





*MBEU YENYOKA* SHO58-0928E  
(The Serpent's Seed)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 28 Gunyana, 1958, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)